Mweya Mutsvene Chii?

. . .kumusangano. Musangano uno uchati siyanei neimwe yatinosiva nayo pano. Kazhinji, patinosangana pano, tinonamatira. . .vanorwara uye vamwe vane zvavanoda panyama. Ndizvo zvatinowanzosimbisa izvozvo. Asi manheru ano tatangisa rumutsiriro rwokupodzwa kwomwoyo, mwe—mweya womunhu.

Zvisinei, Ishe atendera, nomusi weSvondo mangwanani, pakusangana kwedu kweSvondo, Svondo mangwanani, tichanamatira vanorwara, nomusi weSvondo mangwanani, kana Ishe atendera. Uye vhiki ino manheru oga oga, tinonzwa kumanikidzwa zvakanyanya kuparidza pamusoro pezvinhu zvisina Magumo zvo—zvomwoyo.

2 Zvino, tinoziva kuti kana mu—mutumbi wapodzwa, zvinotifadza tose, nokuti zvinotiratidza kuti Mwari wedu anopodza vanorwara. Asi anorwara, kana apodzwa, anogona kurwarazve, dzimwe nguva nechirwere chimwe chete, izvi hazvirevi kuti pane chakaipa pakupodzwa. Chiremba anopa mushonga wamabayo, zvimwe mushure mamazuva maviri murwere anogona kufa namabayo mushure mokunge anzi apora. Chirwere chinodzokazve. Asi kana mwoyo wapona, unenge wava, noHupenyu Husingaperi, mauri.

3 Uye ndinotenda kuti tava pedyo noKuuya kwaShe Jesu, zvokutikonzera kuti tiite zvose zvatinokwanisa kuti tiunze mweya wose kuHumambo, nokuunza Humambo kuvanhu, kuti tipodzwe mumweya yedu. Ndinotenda kuti Mutumbi waJesu ndiwo mutumbi wandinoziva uri kurwara zvakanyanya; zvichireva, mu—mutumbi, mutumbi waKristu pamweya panyika, uri kurwarisa.

4 Uye zvino, hatisi kuda kutora nguva huru nemi manheru ano, nokuti manheru okutanga tashaya nzvimbo yokugadzika shamwari dzedu dzinodikanwa. Tiri muhurongwa hwokuvaka kereke itsva, tabhernakeri huru panzvimbo ino, kana kupi zvako kwatingatungamirirwe naShe; asi sokuziva kwedu, ndapano.

5 Zvino takaronga misangano, kubva Chitatu kusvikira Svondo. Asi neSvondo, tinenge tava pedyo nezororo reKirisimasi, asi zvi. . .patinenge taudzwa naShe kuti timire, ndipo patichamira. Hatizivi kuti chii chichazoitika. Asi tinotenda kuti vanhu vari pano patabhernakeri nedzimwe kereke dzinofambidzana neino, dzinova, imwe yadzo i—tabhernakeri yeHoliness iri kuUtica, inofudzwa neHama Graham Snelling, nokuNew Albany kunofudzwa neHama—Hama Junie Jackson, navari pedyo nomugwagwa kunofudza Hama Ruddell. Tiri, namachechi anoyanana netabhernakeri

ino, tiri kuda kuunza va . . . vanhu vedu mukuyanana kuri nani naKristu. Ndicho chinangwa chedu. Nokudaro ndasarudza kuverenga nokudzidzisa, kwousiku hwakati kuti huri kutevera . . .

6 Husiku huno ndinoda kutaura nenyaya yokuti: *Mweya Mutsvene Chii?* Uye mangwana manheru, ndinoda kuparidza pamusoro pokuti: *Wakapuwirwei?* Uye neChishanu manheru . . . Uye, kuna vanotora matepi, handidi kuti izvi zviiswe patepi manheru eChishanu: *Ndinogamuchira Sei Mweya Mutsvene? Uye Ndinoziva Sei Kana Ndava Nawo?* Zvino tozoona, kuti Ishe achatitungamirira sei, paMugovera neSvondo. Uye Svondo mangwanani, mharidzo yokupodzwa, neimwe mharidzo yevhangeri Svondo manheru.

7 Uye zvino tinoda kuti munhu wose azive kuti . . . Zvino ndinoziva kuti vari kutepa vavamo muimba iri seri, zvino tinoda kutaura izvi. Nokuti, mumisangano yakadai, mukuparidzwa kweEvhangeri, tina vanhu vanobva mumasangano akasiyana-siyana vakadzidziswa zvavovo zvinoenderana nokutenda kwavo, mumwe nomumwe. Izvi hazvinei. Handina kumbopomerwa mhosva yokudyara nyonganiso pakati pehama. Kana ndichiparidza ndiri kumwe, ndinongoparidza Chokwadi chikuru chomuMagwaro, pane zvinotendwa nehama dzinotsigira misangano yangu. Asi, patabhernakeri pano, ndi—ndinoda kutaura pane zvatinotenda. Nokudaro, kana u—usingazvinzwisisi, ndingafara chaizvo ukanyora katsamba kana kapepa, uchindibvunza mubvunzo wo—wokuti sei tichitenda matendero awa. Uye ndingafara kuedza kutsanangura napose pandinogona.

8 Munoziva, kereke yoga yoga, kana pasina dzidziso, haizi kereke. Munofanira kuva nechimwe chinhu chamunotenda, zvinangwa zvamunokurudzira. Hazvinei kuti munhu ari muboka ripi kana kuti ndowesangano ripi, kana munhu iyeye akaberekwa noMweya waMwari, ihama kana hanzvadzi yangu, hazvinei ne . . . Tingasiyana mune zvimwe zvinhu, samadokero kubva kumabvazuva, asi tiri hama. Uye hapana chandingaita kusiya kubatsira hama iyoyo kuti ifambe zvakanaka, iri pedyosa naKristu. Uye ndinotenda kuti muKristu chaiye, anoita zvimwe chetezvo kwandiri.

9 Zvino, ndinokumbira tabhernakeri ino . . . Kuti, hatisi kupinda mukuparidza uku kuti tingopedza nguva. Ndinoda kupinda umu, ndinoda, uye ndakakukumbirai, kuti mupise mazambuko ose ari shure kwenyu, nokutendeuka chivi chose, kuti tipinde apa nazvose zviri mumwoyo nohupenyu hwedu. Tinofanira kuuya pano nechinangwa chimwe chokugadzirira mwoyo yedu Kuuya kwaShe, uye tisinazve chimwe chinangwa. Uye sokutaura kwandaita ndichiti, dzimwe nguva ndingadzidzisa kana kutaura zvakati siyanei namatendero angaita mumwe, nzira yavanotenda nayo.

Ha—handi—handina kuuya kuzopesanisa, muri kuona? Nda—ndauya . . . Tiri pano kugadzirira Kuuya kwaShe. Uye ndinofunga kuti boka diki iri . . .

10 Tine hama dziri pano dzashanya dzandinoziva, dzinobva kunzvimbo dzakasiyana, tinofara kuva navo. Handikahadziki kuti mukati meungano, muna vamwe vanobva kunze kweguta, kumaguta madiki ari pedyo. Uye tino mufaro kuva nemi, uye tichikutendai kwazvo, nokutida kwamunoita kuti muuye kuzonzwa zvinhu izvi. Mwari . . . Dai matakura kuenda kumba, hama yangu, nehanzvadzi, hupfumi hunokoshesa Mwari hwaangadurura mumwoyo menyu, ndiwo munamato wangu.

11 Uye kutabhernakeri ino diki, munoziva kuti ndinotenda kuti ndiyo ine vamwe vavanhu vakanakisisa vari panyika, vanouya kutabhernakeri ino. Zvino, handina kuti vanhu vakanakisisa "vose." Ndati vamwe vavanhu vakanakisisa panyika pano vanouya kutabhernakeri ino. Asi zuva nezuva, kubva, pano mumwe musangano kuenda pano mumwe, ndinoona kutaira kwetabhernakeri ino, kutaira kukuru, chinodikanwa kuzadzwa, kana kuti kuzvipira, kuhupenyu hwakaperera, nokufamba pedyo naMwari. Zvino ndakavimbisa, kuva neMharidzo idzi. Tinofara kukugamuchirai uye kuyanana nemi muShoko raMwari, patinoridzidzisa nokuritsanangura.

12 Zvino, usiku hutatu hwokutanga hatitori musoro wenyaya wokuparidza pauri, asi Mharidzo yokudzidzisa inobva muShoko raMwari.

Uye zvino, handingakumbiri, kuti munhu aite chinhu chandisingaiti ini pachangu. Uye vhiki rino ranga riri Karivhari chaiyo kwandiri. Ndanga ndava pedyosa no—nokupera simba, ndiwo mataurire andingaita, kusvikira ndava kutoda kusaziva zvandiri. Asi ndakazvipira zvakaperera, kuna She, pazvido zvose zvandinazvo.

13 Humwe husiku, nguva dzadarika pakati pohusiku, ini nomudzimai wangu, tapedza kugara, kunamata nokutaura naIshe, chituru chiri pakati pedu mu . . . mumba yepamberi, takavhura maBhaibheri maviri, takazvipira patsva kuna Mwari, kumushumira zvakaperera, kuti tizvipire kuda kwedu kwose, nezvose, nepfungwa yose inopesana, uye kuti tishandire Ishe Jesu.

Uye ndinovimba kuti ndiwo mafungire, enyuwo, kuti makaita zvinhu zvimwe chetevo. Zvino kana tauya pamwe chete husiku huno, tauya panzvimbo tsvene, pakati pavanhu vanga vachinamata, nokutsanya, nokugadzirisa zvavakatadza, vachigadzirira kugamuchira chimwe chinhu kubva kuna Mwari. Ndinoziva kuti anouya aine nzara haadzokeri aine nzara, asi Mwari anomupa Chingwa choHupenyu.

14 Zvino, tisati taverenga kubva muBhuku Rake dzvene, ngatikotamisei misoro kwekanguva tinamate.

15 Ishe, paiswa munamato kare panzvimbo ino husiku huno. Pane . . . nziyo dzeZioni dzaimbwa navana Venyu. Mwoyo yavo yasimudzirwa. Zvino tauya pano kuzozvipira kwaMuri, nokuKunamatai kubva pakadzika pemwoyo yedu. Zvino tinoKurangaridzai, Ishe, kuti Makati Makagara pagomo Muchidzidzisa vadzidzi venyu, "Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yokururama, nokuti vachagutiswa." Makazvivimbisa, Ishe. Tauya manheru ano nemwoyo yakazaruka. Tinouya, tiine nzara nenyota, uye tinoziva kuti Munochengeta vimbiso yeNyu.

16 Tichiedza kuvhura magwaro matsvene omuBhaibheri, kuti tiverenge maRiri, dai Mweya Mutsvene waZvitora kupa mwoyo womumwe nomumwe. Uye dai Mbeu iyi yadonhera mukutenda kwakadzika, kwakakosha kunobudisa vimbiso yose yakaitwa neShoko. Tinzwei, Ishe, uye tisukei, uye tiedzei. Zvino kana paine chimwe chine tsvina patiri, Ishe, chivi chose chisina kureururwa, uye chose chisina kunaka, chitaridzei iko zvino, Ishe, tinobva taenda kundochiita, nokuti tinoona kuti tiri kurarama munguva yoKuuya kwaShe Jesu. Uye tauya, O Mwari Mutsvene, mumumvuri wokururama Kwe—Kwenyu husiku huno, uye tiri kukumbira kuti tizvipire patsva, nokucheneswa, nokuzadzwa noMweya Mutsvene muhupenyu hwedu.

17 Tichiona mwoto worumutsiriro uchitanga kudzima, ngatikuchidzire nehuni dzeShoko, kuti Dzivese mwoto mutsva, mwoyo yedu igozara neshungu. Tichenesei, Ishe, neShoko Renyu rinokosha neRopa Renyu, uye nenyasha Dzenyu, tademba. Uye kutendwa nokurumbidzwa kwose zvigova Zvenyu. Bvisai kufanofungira kose pamwoyo yedu. Tichenesei, O Ishe. Tipei mwoyo yakachena, namaoko akachena, nepfungwa dzakachena, kuti tiuye munzvimbo Yenyu, husiku hwoga hwoga, tichifara takazadzwa noMweya Wenyu. Tinozvikumbira muZita raJesu, nokuda Kwake. Ameni.

18 Ndinoda kuverenga Shoko iko zvino. Uye zvino . . . Ndinokukumbirai kuti muuye namaBhaibheri enyu, nepenzera, namapepa, okunyorera Magwaro. Kana muchida kudaro, zvingava zvakanaka kwazvo. Uye zvino muchivhura pachitsauko 7 chebhuku yaMabasa, patichitanga napo; kupindura mubvunzo, kana kutanga nokupindura mubvunzo: *Mweya Mutsvene Chii?*

19 Hapana chinhu chinokwanisa kukunda Satani, hapana kumbova nechinhu panyika chakakwanisa kukunda Satani, seShoko raMwari. Jesu AkaRishandisa muhondo Yake huru; Akati, "Kwakanyorwa . . . "

20 Uye mangwanani ano, pandanga ndakateerera, mazuva mashoma apfuura, ndakateerera panhepfenyuro yaiti zvisikwa zvakangobva mumadota akaungana pamwe chete, nomunyu wephosphate, neimwe mishonga yomunyika, uye kuti kudziya kwezuva kwakasika hupenyu kukatangisa hupenyu.

Zvinosekesa sei! Iko, kupisa kwezuva kuchiuraya chipi zvacho chino hupenyu. Isa chinhu panze pazuva, rinochiuraya pakarepo. Uye hakuna chinhu chakadaro; asi ndiSatani aiedza kundiudza izvozvo. Uye mushure mokunge ndaendesa mwana wangu Rebheka kuchikoro mangwanani ano, ndava kudzoka, ndakavhura redhiyo zvakare; ndakafunga kuti ndinganzwa zvinhu zviya zvakare, ndikaidzima.

Zvino ndichifamba munzira, Satani ati kwandiri, ati, "Unoziva here kuti Munhu wamunoti Jesu akanga angorivo munhu savamwe, venguva yaKe, vanaBilly Graham kana Oral Roberts. Akanga angorivo munhu Akatanga kuunganirwa navanhu vashoma vachiti, Munhu anokosha, zvino kwapera nguva Akazova munhu ane mbiri, Akava ka—kamwari kwavari. Zvino zvakazopararira nyika yose, kubvira paAkafa, ndizvozvo chete."

21 Ipapo ndakafunga kuti, "Uri munyepi akadii!" Uye ndakakona ndava kuyambuka mugwagwa unonzi Graham. Ndikati, "Satani, iwe uri kutaura kupfungwa dzangu, ndinoda kukubvunza zvinhu zvishoma. Ndiani akanzi navaprofita vechiHebhuru aizouya? Ko Mhesiyasi muzodziwa ndiani? Chii chaiva pavarume ava vakafanoMuona vakataura nezvohupenyu Hwake, zvuru zvamakore Iye Asati avapo? Ndiani akataura maitikire azvo pasina kupotsa? Uye paAkauya, vakati 'Akaverengwa pamwe chete navakaipa,' naIye akanzarwo. 'Akakuvadzirwa kudarika kwedu,' Zvikadaro. 'Akavigwa navapfumi, asi Aizomuka, zuva retatu,' Akaita saizvozvo. Zvino Akavimbisa Mweya Mutsvene, ini ndinaWo. Saka ibva zvako waenda kure neNyaya iyi, nokuti zvakanyorwa muShoko, uye Shoko rimwe nerimwe nderechokwadi." Akabva aenda. Mupe Shoko, ndiro rinomukunda. Haakwanisi kumirisana neShoko, nokuti Rakafemerwa.

Ngatitange kuverenga husiku huno chitsauko 7 chebhuku raMabasa.

Muprista mukuru akati, Zvinhu izvi ndizvo here?

Iye akati, Varume, hama, namadzibaba, inzwai; Mwari wokubwinya wakazviratidza kuna baba vedu Abrahama, vachiri Mesopotamia, vasati vagara Harani,

Akati kwavari, Ibva munyika yako, napahama dzako, uende kunyika yandichakuratidza.

Ipapo akabuda munyika yavo Karadia, akagara Harani: kubva ipapo, zvino baba vake vakati vafa, Mwari akamutamisa ipapo kunyika ino, yamugere zvino.

Asi haana kumupa nhaka imomo, kunyange, paangatsika norutsoka rwake: asi akamupikira kuti achamupa nyika iyo ive nhaka yake, neyevana vake vaizomutevera, Asati atongova nomwana.

. . .Mwari akataura achiti, Vana vake vachava vatorwa kunyika yavamwe; vachavaita varanda, nokuvaonesa nhamo makore ana mazana mana.

Rudzi rwavachava varanda varwo ndicharutonga, ndizvo zvinoreva Mwari: shure kwaizvozvo vachabuda, vachandishumira panzvimbo iyi.

Akamupa sungano yedzingiso: zvino Abrahama Akabereka Isaka, akamudzingisa nezuva rorusere; Isaka akabereka Jakobo; naJakobo abereka madzibaba ane gumi namaviri.

22 Kubva pataverenga, tinoda kutaura nezvenyaya iyi, yandinofunga kuti inyaya huru yanhasi, yokuti. . .*Mweya Mutsvene Chii?* Chii? Uye, zvino, chikonzero ndatora mharidzo idzi dzichiteverana seizvi, nokuti haukwanisi kuuya kuzogamuchira Mweya Mutsvene kana usingazivi kuti Chii. Uye haukwanisi kuUgamuchira, kana uchiuziva kuti Chii, kunze kwokunge uchitenda kuti wakaUpihwa, uye Ndowako. Uye, zvino, haukwanisi kuziva kuti unaWo here kana kwete, kunze kwokuziva zvibereko zvaUnounza. Zvino kana uchiziva kuti Chii, uye kuti Ndowani, nokuti Unoitei kana Wauya, uchaziva kuti wawanei kana waUwana. Waona? Zvinobva zvangopera.

23 Sokutaura kwandaita neHama yedu Jeffries nhasi, uye ivo vati, "Ndanga ndichida kuuya husiku huno, asi ndichauya husiku hwamangwana." Vanga vasingazivi kuti musangano uri kutoitwa, nokuti hatina kuzivisa vanhu; kunze kwava pano. Vamwe ve. . .Hama Leo navamwe vakanyorera dzimwe shamwari dzedu vakavazivisa, vanogara kunze kweguta. Ndizvo, nokuti hatina nzvimbo inokwana.

24 Zvino ndakati, "Hama Jeffries, kana mukandituma kundovhura rimwe ramatangi enyu reoyiri, pasina chandinoziva, dzimwe nguva ndingazoriputisa. Ndingangopinza kiyi isiri iyo kana kumutsa injini isiri iyo. Ndinofanira kuziva kuti zvinoitwa sei ndisati ndazviita."

Ndizvo zvimwe chetezvo nokugashira Mweya Mutsvene. Unofanira kuziva kuti chii chauri kuvinga, nokuti unoChigamuchira sei, uye kuti Chii.

Zvino, chokutanga, Mweya Mutsvene wakavimbiswa.

25 Tingatora vhiki gumi tikasambo. . .tikangobata mupendero wenyaya iyi, Mweya Mutsvene Chii. Asi, chokutanga, ndinoda kungoparidza zvakakwana zvokupa mamirire enyaya manheru oga oga, ndozoona manheru acho anotevera kuti pane mibvunzo here.

26 Ndivanaani muno vasati vagamuchira Mweya Mutsvene, vasati vabhabhatidzwa noMweya Mutsvene? Simudzai maoko; unoziva hausati. Tarirai muone maoko.

Zvino ndinoda kutaura nezvaWo, kuti Mweya Mutsvene chiratidzo, nokuti Chiratidzo. Tinoziva kuti, kuti vimbiso dzose dzakapiwa kwatiri na . . . Abrahama akanga ari baba vevimbiso, nokuti Mwari akapa vimbiso kuna Abrahama neMbeu yake yaizotevera. Vimbiso yakapiwa "kuna Abrahama neMbeu yake." Uye chiratidzo ichi ndechavanhu vesungano.

27 Zvino, pano mutsauko mukuru pakati pomuKristu zvake nomuKristu akazadzwa noMweya Mutsvene. Uye zvino tichazviona muMagwaro, uye toratidza chaipo pazviri muMagwaro. Chokutanga, pane muKristu anozviita muKristu. Asi kana muKristu uyu asati azadzwa noMweya Mutsvene, achiri munzira yokuva muKristu. Maona? Akapupura kuti anoUtenda; ari kushingaira kuti asvike paUri, asi Mwari haasati amupa Mweya Uyu, woMweya Mutsvene. Haasati asvika pachinangwa ichi naMwari, uye Mwari haasati azvigamuchira.

28 Nokuti, Mwari, akaita sungano naAbrahama, mumashure mokunge Amudana, unova mufananidzo wokudanwa kwomutendi nhasi.

Akadana Abrahama, Abrahama akabuda munyika yake akaenda kunyika yavatorwa, kundogara pakati pavo, uyu waiva mufananidzo waMwari achidana munhu kuti asiye hutsinye hwake, achitendeuka zvivi zvake. Anotendeuka kubva muboka raanga ari, kundorarama muboka idzva, pakati pavanhu vatsva.

Zvino mumashure mokunge Mwari aona kuti Abrahama akatendeka kuvimbiso yaakanga Amupa, kuti aizova nomwana, uye nokuda komwana uyu nyika yose yaizoropafadzwa, zvino Mwari akasimbisa kutenda kwake nokumupa chiratidzo, chiratidzo ichi kwaiva kudzingiswa. Uye kudzingiswa wakanga uri mufananidzo woMweya Mutsvene.

29 Ndima dzinotevera muchitsauko chatabva kuverenga, kana muchida kudzinyora. Zvino . . . Stefano akati, mundima 51:

> *Imi vemitsipa mikukutu . . . musina kudzingiswa pamwoyo nenzeve, munogara muchidzivisa Mweya Mutsvene: samadzibaba enyu, ndizvo zvamunoitavo.*

30 Kudzingiswa mufananidzo woMweya Mutsvene. Zvino Mwari akapa Abrahama chiratidzo choku—kudzingiswa mumashure mokugamuchira Mwari pavimbiso Yake ndokuenda kunyika yavatorwa. Maona? Chaiva chiratidzo.

Uye vana vake vose, nembeu yake yakatevera, vaifanira kuva nechiratidzo ichi panhengo dzavo dzomuviri, nokuti ndizvo zvaivapatsanura. Chiratidzo ichi chokudzingiswa, chakanga chiri chokuvapatsanura pavanhu vose.

31 Ndizvo zvinoshandiswa naMwari nhasi. Chiratidzo chokudzingiswa kwomwoyo, Mweya Mutsvene, unoita kuti Chechi yaMwari ive yakatsaurwa kubva pane dzimwe tsika, zvitendwa namadhinominesheni. Pane madhinominesheni

akasiyana-siyana, asi ivo vanhu vakatsaurwa. Rega nditaure nomunhu kwemaminetsi maviri, ndinogona kukuudza kuti akagashira Mweya Mutsvene here kana kuti kwete; kana newevo unogona. Unopatsanura. Mucherechedzo. Chiratidzo. Mweya Mutsvene chiratidzo. Uye chii . . .

Mwana wose airamba kudzingiswa muTestamende Yakare, uyo waiva mumvuri woMweya Mutsvene, aibviswa pakati pavamwe. Akanga asingayanani navamwe vose muungano, kana aramba kudzingiswa.

Zvino fananidza nanhasi. Munhu anoramba kugashira kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, haagoni kuyanana naavo vano Mweya Mutsvene. Hazvibviri kuzviita. Unofanira kuva nohunhu hwacho. Kufanana, i . . .

32 Mai vangu vaisiti, "Shiri dzetsika imwe dzinofambidzana." Ndicho, chirevo chekare, asi ndechechokwadi. Hauwani njiva namakunguvo zvichifambidzana. Zvokudya zvazvo zvakasiyana. Tsika dzazvo dzakasiyana. Nezvido zvadzo zvakasiyanavo.

Ndizvo zvakaita nyika nomuKristu kana *wadzingiswa* noMweya Mutsvene, zvinoreva, "kubvisa mabasa enyama."

33 Kudzingiswa kwaingoitwa kumurume. Asi kana mukadzi akaroorwa nomurume, anova chidimbu chake, iye aidzingiswa pamwe chete naye. Munorangarira, muna Timotio, paZvinonzi, "Zvisinei hazvo achaponeswa mukubereka vana, kana akarambira mukutenda noutsvene nokudzikama kwose."

34 Zvino, kudzingiswa. Munoziva apo . . . Sarah akaseka mutende, zvakataurwa noMutumwa, paAkati, "Abrahama," asingazivi kuti aiva ani, muenzi, "mudzimai wako Sarah, ari kupi?" Akazviziva sei kuti aiva nomukadzi?

35 SaJesu akati, "Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichaita pakuuya kwoMwanakomana womunhu." Rangarirai, zviratidzo izvi hazvina kuitwa kuSodhoma neGomora, munyika, pakati pavanhu vezvinamato. Asi zvaiva kuVasanangurwa, vakadanwa. Uye Abrahama akanga akadanwa. Inzwi rokuti *chechi* rinoreva "vakadanwa; vakapatsanurwa," saAbrahama akazvipatsanura uye akanga akadzingiswa.

Zvino Sarah paakaseka zvakataurwa noMutumwa, Mwari angadai akamuuraya pakarepo; asi Haaizoranga Sarah zvikasatambudzavo Abrahama, nokuti vakanga vari mumwe. Akanga ari chidimbu chake. "Hamuchisiri vaviri, asi mumwe."

36 Zvino, kudzingiswa, Mweya Mutsvene nhasi unodzingisa mwoyo. Uye chiratidzo, chiratidzo chatakapiwa.

Rimwe zuva mumwe munhu akati . . . Ndiri kuzvidzokorora, kwete kuti museke. Asi, nokuti ichokwadi, asi zvinoita sejee. Sezvandinositaura kazhinji kuti, ino haisi nzvimbo

yokusekesana. Asi kwaiva nomuGerimani kuMavirira, kwatakanga tiri. Akagamuchira Mweya Mutsvene. Aifamba munzira, achiti fambe fambe, osimudza maoko nokutaura nendimi. Omhanya, owuruka, achidanidzira. Akanga ari pabasa, zvaaidaro, mukuru webasa akamuti, "Wanga uripiko?" Ndi—ndinoda nzvimbo idzodzo dzawanga uri. Akati, "Unofanira kunge wanga uri kuboka riya ramanati."

Akati, "Saka unofunga kuti manati?"

Akati, "Hongu, ndizvo zvavari."

37 Akati, "Zvakanaka, Ishe ngaarumbidzwe nokuda kwamanati!" Zvino akati, "Unoziva kuti chii? Manati ane basa guru." Akati, "Somuenzaniso, pamotokari, bvisa manati ose pairi, hausari uine chinhu asi 'demhe.'" Zvino zvingava ndizvo.

38 Pano mutsauko chaizvo kana Mweya Mutsvene wauya pauri, kusvikira mafungire enyika ino haazokudi, uye vanopikisana newe, zvakare havazodi kuva nechokuita newe, zvachose. Waberekwa kubva kune imwe nyika. Uri muenzi, kakapetwa kagumi kudarika zvaungava, kana uri mumasango omuAfrica. Pano mutsauko kana Mweya Mutsvene wauya pauri, uye Chiratidzo. Mucherechedzo pakati pavanhu.

39 Zvino, ungati, "Zvino, Hama Branham, chiratidzo ichi chokudzingiswa chakapiwa Abrahama?" Ichokwadi. "NokuMbeu yake?" Hongu.

40 Zvakanaka, zvino tichazarura kuvaGaratia, chitsauko 3, ndima 29, tione kuti zvinorevei kwatiri. VaGaratia 3 ndima 29, apa tinoona kuti kudzingiswa uku kunoitwa kunouya sei kumuHedheni, kana tiri Mahedheni; isu tiri, mahedheni pakuberekwa kwedu.

Zvino, kutanga, ndinoda kuverenga ndima 16.

> *Zvino izvo zvipikirwa zvakarehwa kuna Abrahama nokumwana wake.* (Abrahama nomwana wake!) Haarevi achiti, *Kuvana vako, . . .*

Kwete mbeu yose yose. . .kuti, "O, ndiri mbeu, yaAbrahamavo." Kwete. "Kumwana," Kumwana waAbrahama!

> *Kwete kuvana, sevanenge vari vazhinji; asi zvaanenge ari mumwe, Uye ku—ku—vano . . . Uye kumwana wako uyu, ndive Kristu.*

41 Kristu aiva Mbeu yaAbrahama. Munozvitenda here? [Ungano, "Ameni."—Mupepeti.] Zvakanaka, zvino ngatiende kundima 28 ne29.

> *Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchina wakasungwa kana wakasununguka, hakuchina murume kana mukadzi: nokuti isu tose tiri vamwe munaKristu Jesu.*

Uye kana muri vaKristu, muri vana vaAbrahama,
vadyi venhaka sezvamakapikirwa.

Tinova "Mbeu yaAbrahama" sei? Nokuva muna Kristu, tobva tava Mbeu yaAbrahama. Zvino chii chakanga chiri Mbeu yaAbrahama? Sezvatingaona, kuvaRoma 4 nedzimwe nzvimbo dzakasiyana.

Abrahama haana kumbogamuchira vimbiso adzingiswa. Kuratidza kuti kudzingiswa waingova mufananidzo, akagamuchira vimbiso *asati* adzingiswa. Uyu wakanga uri mufananidzo, wokuti kutenda kwake kwagamuchirwa kwaakanga anako asati adzingiswa.

42 Zvino, kana tiri muna Kristu, tinova Mbeu yaAbrahama uye vadyi venhaka pamwe naKristu, nokudaro, hazvinei kuti uri ani, muJudha kana muHedheni.

Uye, "Mbeu yaAbrahama," Mbeu yaAbrahama ino kutenda kwaAbrahama, vanotora Mwari paShoko raKe. Zvisinei kuti Rinotaridzika sei, uye kuti unozvibata sei, kana kuti Rinokuitisa zvipi, iwe tora Mwari paShoko raKe usina basa nechimwe chinhu.

43 Abrahama ava namakore makumi manomwe namashanu, naSarah ava namakore makumi matanhatu namashanu, vakatora Mwari paShoko raKe, vakaona zvose zvaipesana naRo sezvisipo. Unofunga kuti vanachiremba vaifungei, namazuva iwayo. Unofunga kuti vanhu vaifungei, pavaiona mutana, ana makore makumi manomwe namashanu, achirumbidza Mwari kuti, "achava nomwana" nomukadzi wake, aiva namakore makumi matanhatu namashanu, akanga adarika makore makumi maviri namashanu okuguma kubereka? Asi, munoona, zvinoita kuti uzvibate zvisinganzwisisiki, kutenda kwaAbrahama.

44 Uye kana wadzingiswa noMweya Mutsvene, Unoita zvimwe chetezvo kwauri. Unokuitisa zvinhu zvausingafungi kuti ungaita. Unoita kuti utore vimbiso yaMwari nokutenda muna Mwari.

45 Zvino, Pamusoro, po—pokuva vimbiso nechiratidzo, Chisimbisovo zvakare. Dai ukavhura neni kuna vaRoma. Kutanga, ndinoda kuti muvhure neni kuvaEfeso 4:30, ngativerenge kwemineti. VaEfeso 4:30 inoti.

Zvino, makanzwa vanhu vakawanda vachitaura zvinhu zvakasiyana-siyana sezvisimbiso. "Kana ukaenda muchechi, une chisimbiso chechechi." Vamwe vanoti, "Kuchengeta rimwe zuva, zuva resabata, ndi—ndicho chisimbiso chaMwari." Vamwe vachiti, "Tikava nhengo yerimwe dhinominesheni, tinosimbiswa muHumambo hwaMwari."

46 Zvino, Bhaibheri rinoti, "Shoko romunhu wose ngarive renhema, raMwari rive Chokwadi." Zvino, vaEfeso 4:30 inoti:

Regal kuchemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakaisirwa chisimbiso maari kusvikira pazuva rokudzikinurwa.

47 Ndichati omesei zvishoma pane izvi, kunyatsozvitaura. Zvino, imi hama dzomurairo imbonyararai zvishoma. Maona? Munoziva here kuti Chisimbiso chinogara nguva yakadii? Kwete kusvikira paitwa rumutsiriro, kana kusvikira paine chakanganisika. "Kusvikira zuva rokudzikinurwa," ndiko kureba kwenguva yaunosimbiswa. "Kusvikira zuva rokudzikinurwa," apo unodzikinurwa kuti undova naMwari, ndiko kureba kwenguva yaunosimbiswa noMweya Mutsvene. Kwete kubva parumutsiriro kuenda kuno rumwe; asi kubva Kusingaperi kusvika Kusingaperi, wakasimbiswa noMweya Mutsvene.

Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, Chisimbiso chaMwari, kuti Awana . . . wawana nyasha pamberi Pake, uye Anokuda, Anokutenda, Aisa chisimbiso Chake pauri. Chisimbiso chii, ndiani anoziva? Sei, *chisimbiso* chinoratidza kana kureva "basa rapedzwa." Ameni. Mwari akuponesa, akuchenesa, akugezesa, akuwanira nyasha, uye akusimbisa. Apedza. Uri mudziyo Wake kusvikira zuva rokudzikinurwa kwako. *Chisimbiso* "ibasa rapedzwa."

Mweya Mutsvene chii? Chiratidzo. Tichazvitaura panguva inotevera, mune imwe Mharidzo, chiratidzo chakataurwa naPauro. Ndimi dzaiva chiratidzo kuvatendi . . . kana kuti vasingatendi.

48 Zvino onai, asi, apa, Mweya Mutsvene chiratidzo. Ndinoreva . . . Uye Mweya Mutsvene chisimbiso. Chiratidzo chakapiwa naMwari kuvana Vake vakasanangurwa. KuChiramba, kubviswa pakati pavanhu; kuChigamuchira, kusiyana nezvinhu zvose zvenyika, uye kuva munhu akaiswa chisimbiso naMwari chokugutsikana newe.

49 Ndaisishanda kumugwagwa wenjanji naHarry Waterberry, uye taienda kundoisa zvinhu mumotokari. Munin'ina wangu, Doc, akamira uko, anobetsera kuisa zvinhu mumota. Kana motokari ichiiswa zvinhu, inisipekita, anoongorora mukati mayo, kana akawana chimwe chisina kunyatsogara, chingadonha kana kupwanyika, kana chimwe chingaita kuti chiparare; haaipasisi motokari iyi kusvikira yanyatsozara zvakanaka, kusvikira yanyatsozara nokunyatsorongeka, kuti kuzunguzwa kwayo pakufamba kurege kukanganisa zviri mukati.

50 Ndicho chikonzero tisingasimbiswi nguva dzakawanda; takaregedzeka pazvinhu. Kana Inisipekita akatarira, hupenyu hwako, kuti aone kuti hapana kuregedzeka here pazvinhu, kuregedzeka muhupenyu hwokunamata, kuregedzeka pahasha, kuregedzeka pamuromo, uchireva vamwe, Haasimbisi motokari

iyi. Tutsika tune tsvina, zvinhu zvakaipa, pfungwa dzakasviba, Haakwanisi kusimbisa motokari iyi.

Asi kana awana zvose zviri munzvimbo yazvo, Inisipekita, Anoisimbisa. Pashayikwe ani nani angavhura chisimbiso ichi kusvikira motokari yasvika kumagumo orwendo rwayo! Ndizvo zvazviri. "Usabata vazodziwa vaNgu; usaitira vaProfita vangu zvakaipa. Nokuti ndinoti kwamuri, zviri nani kuti dombo risungirirwe mumutsipa wako, wonyudzwa pari pegungwa, pano kuedza kugumbura kana kukanganisa zvishoma mumwe wavaduku ava akasimbiswa." Unoona zvazvinoreva?

51 Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Ndiko kupupurirwa kwako. Kuchengetedzwa kwako. Chapupu chako. Chisimbiso chako. Chiratidzo chako, chokuti, "Wananga kuDenga. Handina mhosva kuti dhiabhorosi anoti kudii! Ndananga kuDenga. Sei? Akandisimbisa. AkaZvipa kwandiri. Akandisimbisa muHumambo Hwake, uye Ndananga kuKubwinya! Mhepo ngadzivhuvhute, regedza Satani aite zvaanoda. Mwari akandisimbisa kusvikira zuva rokudzikinurwa kwangu." Ameni! Izvi ndizvo zvinonzi Mweya Mutsvene. O, unofanira kuUda. Handikwanisi kuenderera mberi kana ndisina Iwo. Zvakawanda zvingataurwa apa, asi ndine chokwadi kuti munoziva zvandiri kutaura.

52 Zvino, zvakare, ngatizarure kuna Johane 14, kwekanguva. Ndinoda Shoko! NdereChokwadi.

53 Zvino, Mweya waMwari, Mweya Mutsvene, Mweya Mutsvene chii? Mweya waKristu mauri. Zvino, tisati taverenga, ndinoda kumbotaura mashoko mashoma okutsinhira apa. Mweya Mutsvene chii? Chisimbiso. Mweya Mutsvene chii? Isungano. Mweya Mutsvene chii? Chiratidzo. Zvino Mweya Mutsvene chii? Mwe. . . .Mweya waJesu Kristu uri mauri. Waona? "Kwechinguvana," Jesu akati, "nyika haizoNdioni zvakare; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, ndiri mamuri, kusvikira kumagumo enyika." Mweya waMwari muChechi Yake!

54 Kuzoitei? Akazviitirei? Izvi ndezvimwe zvishoma zvenyaya yamangwana manheru. Asi Akazviitirei? Chii Chakaitwa, noMweya Mutsvene. . . Chii, chaWakauyira? Wakauyira chii mauri, Wakauya kuzoitei mandiri? Kuenderera mberi namabasa aMwari.

55 "Ndinoita izvo zvinofadza Baba Vangu. Handina kuuya kuzoita kuda Kwangu, asi kwaBaba vakaNdituma. Uye naBaba vakaNdituma vaneNi; uye saBaba Vangu vakaNdituma, Ndinokutumaivo." O, vedu! [Hama Branham vanorova maoko kaviri—Mupepeti.] Baba vakaMutuma, vakaenda vari maAri. Baba vakatuma Jesu vakauya maAri, vakashanda nomaAri.

Iye Jesu anokutuma, anoenda newe uye ari mauri. Zvino kana Mweya, wairarama muna Jesu Kristu, wakaMuita kuti aite

zvaAkaita, uchanzwisisa kuti Unoita sei kana Wauya mauri, nokuti Hupenyu ihwohwu hahushanduki. Hunofamba kubva pamutumbi uyu kuenda pano mumwe, asi Hahushanduki hunhu Hwahwo, nokuti ndiMwari.

56 Zvino muna Johane 14, ngativerengei zvishoma, tichitanga pandima 10:

> *Hautendi here . . . kuti Ndiri munaBaba, naBaba vari mandiri? mabasa . . . mashoko andinoreva kwamuri handiarevi pachangu: asi Baba vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa avo.* (Zvifunge zvino.)
>
> *Nditendei kuti ndiri munaBaba, naBaba vari mandiri: kana kuri kudaro nditendei nokuda kwamabasa amene.*
>
> *Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, Unotenda kwandiri, mabasa aNdinoita iye uchaaita . . . zvakare; makuru pana awa uchaaita; nokuti Ndinoenda kunaBaba vangu.*

Unozviona here? Ona kuti Akataura sei apa? Chitarira uone, kuti zvinonzi kudii. Ndichangoti verengei pamberi zvishoma. Tichaverenga kusvika pandima 20. "Chinhu chipi nechipi chamunokumbira mu . . ." Regedzai ndimboona, Ndanga ndine . . . Hongu U-u-u. Zvakanaka.

> *Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, Ndichachiita, kuti Baba vakudzwe muMwanakomana.*
>
> *Kana mukakumbira chipi nechipi kwandiri muzita rangu, Ndichachiita.*
>
> *Kana muchindida, muchachengeta murairo wangu.*
>
> *Neni ndichakumbira Baba,* (zvino chiona) *vachakupai mumwe Munyaradzi, kuti agare nemi nokusingaperi;*
>
> *Ndiye Mweya wazvokwadi; nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuoni, kana kumuziva: asi imi munomuziva; nokuti unogara nemi, uchava mukati menyu.*

57 Zvino Mweya uyu ndiani? Mweya Mutsvene chii? NdiKristu mauri. Munyaradzi, ndiwo Mweya Mutsvene. "Zvino kana Munyaradzi auya, Achaita zvinhu zvimwe chetezvo zvandakaita apo Munyaradzi aiva maNdiri. Ndichakumbira Baba, Vagokupai Munyaradzi uyu. Munoziva Munyaradzi. Nyika haiMuzivi, haifi yakamuziva. Asi imi munoMuziva nokuti Anogara nemi zvino," Jesu achitaura, "asi Achava mamuri." Hezvo, ndiye Munyaradzi, "achava mamuri."

> *Handingakusiyei muri nherera: Ndinouya kwamuri.*

"Handingaku . . ." Zvino, ndiye Munyaradzi, Kristu. Ndiwo Mweya Mutsvene, NdiKristu.

Kuchine nguva duku, nyika haichazondivoni; asi imi munondiona: nokuti ini ndinorarama, nemivo . . . muchararama.

58 O, tingataura tikataura; asi, kuti uzive. Kuti Iye chii? Chisimbiso. Chiratidzo. Munyaradzi. Wona zvose zvaAri? Mbeu yaAbrahama ndiyo inogara nhaka yaWo.

59 Zvino ngationevo ku . . . kuti Munyaradzi ungavazve chii. Ngativhurei kuna Johane 16:7, tione kuti Haazi Murevererivo, here. Unoziva kuti murevereri chii, kuita murevereri. Tino Murevereri. Tinozviziva. Johane Yokutanga Chitsauko 16 . . . O, imbomirai kwekanguva, ndino urombo. Johane, ndiyo, 16:7. Ndino urombo. Chokwadi ndino urombo kuti ndadaro. Ndaverenga zvisizvo . . . ndiri pal6:7.

Asi ini ndinokuvudzai chokwadi; Kana ndichiti zvirinani kwamuri kuti ndiende: nokuti kana ndikasaenda, Munyaradzi haangauyi kwamuri; asi kana ndikaenda, Ndinomutumira kwamuri.

Iye kana asvika, uchazivisa nyika pamusoro pezvivi, uye pamusoro pokururama, nopokutongwa:

Pamusoro pezvivi, nokuti havatendi kwandiri;

Pamusoro pokururama, nokuti ndinoenda kunaBaba, hamungazondivoni;

Pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino watongwa.

60 Ini Zvangu! Zvino, Murevererei, anowanikwa muna—muna Johane Yokutanga 2:12. Zvino ngativerenge izvozvo, kwekanguva, Johane Yokutanga 2:12. Ndakanganisa, Johane Yokutanga 1 na2, ndizvozvo. Ndakazvinyora, Johane Yokutanga 2:1 kusvika pa2.

Vana vangu vaduku, ndinokunyorerai zvinhu izvi, kuti murege kutadza. Kana munhu achitadza, tine murevererei kuna Baba, iye Jesu Kristu wakarurama:

Ndiani Murevererei? Jesu Kristu wakarurama.

Ndiye—ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu: haazi wezvivi zvedu bedzi, asi wezvivi zvenyika yosevo.

61 Mweya Mutsvene chii? Murevererei. Chii chinonzi . . . Chii chinonzi Murevererei? Anoitei? Kuti ave murevererei. Ane tsitsi. Ano, Anomira panzvimbo yako. Ano, Anoita zvinhu zvausingakwanisi. I, Ndi—Ndiye mudzikinuri wezvivi zvako. Ndiye kururama kwako. Ndiye kupodzwa kwako. Ndihwo Hupenyu hwako. Ndiye kumuka kwako. Ndiwo zvose zvawakagadzirirwa naMwari. Ndiye Murevererei.

62 Tinokwanisa kutaura zvakawanda nenyaya iyi tichinyatsozvidudzira, kuti Uno—Unotireverera pakusaziva kwedu. Dzimwe nguva kana ta . . . tine Mweya Mutsvene,

tinopinda mune zvimwe zvinhu nokusaziva. Asi Mweya Mutsvene uripo kutimiririra. Murevereri wedu. Anomira . . . Ndiye Gweta redu. Anomira achitireverera. Hatizvirevereri pachedu, nokuti Mweya Mutsvene uri matiri unotireverera. Mweya Mutsvene unotaura, dzimwe nguva namazwi ausinganzwisisi, uye Anotireverera. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene.

63 Kana ndikapinda mune chimwe chinhu, ndi—ndinoita somwana mudiki; unofamba somwana mudiki. Isu, tiri kufamba munyika yerima yakazara navavengi, yakazara nezvivi, yakazara nemiteyo, yakazara nazvose.

Ungati, "O, Ndinotya. Ndinotya kurarama hupenyu hwechiKristu. Ini, ndinotya kuita *izvi*. Ndinotya kuzoita *izvo*."

Usatya. Tino Murevereri. Ameni. O, Anomira nesu. Ari matiri, uye Anotireverera. Mweya Mutsvene, nguva nenguva, nguva nenguva murevereri wedu, nguva yose. Ndiye Murevereri wedu. O, tinotenda sei Mwari nazvo!

64 Chisimbiso, chiratidzo, Mweya woHupenyu, Mwari woKudenga, Munyaradzi, Hupenyu, Murevereri. Ndiye chii! O, vedu! Tingataura kwamaawa namaawa nenyaya iyi.

65 Pano tava kumboshandura nyaya kwekanguva. Zvino tichabvunza zvino . . .

Vimbiso yatakapiwa pamazuva okupedzisira! Murevereri uyu, chisimbiso, vimbiso, zvose zvatataura nezvaKe husiku huno, nezvimwe zvakapetwa zvuru gumi zvingawedzerwa, Yakaitwa vimbiso kwatiri yamazuva okupedzisira.

Vanga vasina Vimbiso iyi munguva iyoyo. Vaingova nechisimbiso panyama somucherechedzo nechiratidzo, vachitenda kuti Zviri kuuya, uye vaifamba mumumvuri womurairo. Kunova, kudzingiswa panyama.

66 Nhasi hatifambi nomumvuri womurairo. Tinofamba nesimba rokumuka. Tinofamba nesimba roMweya, Anova chisimbiso chedu chechokwadi, Murevereri wedu wechokwadi, Munyaradzi wedu wechokwadi, Chiratidzo chedu chechokwadi chokuti takaberekwa kubva Kumusoro; vanhu vanokosha, vanokatyamadza, vanoita zvisinganzwisisiki, vachitora Mwari paShoko raKe, vachiti zvimwe zvose inhema. Shoko raMwari ndiro chokwadi. Ndizvo . . . O, zvangu! Ndizvo zviri Mweya Mutsvene.

67 UnoUda here? Haungafari kuva naWo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ngationei kana Wakavimbiswa.

Zvino, ngatidzokerei kuna Isaya, Bhuku raIsaya. Ngatiende kuchitsauko 28 chaIsaya. Bhuku raIsaya 28, titange pa . . . Ngatitore ndima 8, tione zvakataurwa naIsaya makore mazana manomwe namakore gumi namaviri zvisati Zvaitika.

68 Tingataura zvakawanda panyaya iyi, kudzoka, kumashure chaiko, asi tichatanga taona kuti Zvakavimbiswa kuChechi here. Izuva ripi raWaifanirwa kuuya? Pamazuva okupedzisira, panenge paine ku—kuora. Zvino rangarira kuti, inzwi riri muhuwandu, "mazuva", mazuva maviri okupedzisira, makore zvuru zviviri zvokupedzisira.

Zvino, zvino ndima 8:

Nokuti, matafura avo azara . . . namarutsi, anosemesa hapana pakachena.

69 Tsvaka kose kose nhasi kuti uzviwane. Tarira pose pose uone kana tava muzuva racho. "Matafura ose!" Hongu, vanoenda kuChirairo chaShe, uye chinhu chokutanga, chavanoita panyama, vanotora rofu rechingwa kana bhisikiti, vochimedura voita chirairo. Asi, icho chichifanirwa kugadzirwa namaoko ano Mweya Mutsvene, nechingwa chisina mbiriso. Kristu haana tsvina nezvinonyangadza, uye zvechirairo izvi zvinomiririra Iye.

70 Chimwe chinhu ndechokuti, vanopa chirairo zvidhakwa, vanonyepa, vanoba, vanoputa, vanotsenga fodya, (wu-u!) navose, nokuti inhengo mukereke. Ngazvisaitwa! Kana munhu akachidya patinenge tichichidya pano, ari kufema nokuzvinwira kutukwa, asingaeresi Mutumbi waShe. Kana usingararami hupenyu hwacho, ngaasatora.

Zvino kana usingadyi, zvinoratidza kuti hana yako ine mhosva. "Uyo asingadyi, haana chikamu neNi," Jesu akadaro.

71 Asi matafura ose aShe azara netsvina. Hapana nzvimbo yakachena. Terera, kana usiri mufananidzo wanhasi.

Ndianiko wa . . . ndianiko waachadzidzisa zivo? ndianiko waachadzidzisa . . . kunzwisisa shoko? . . .

. . . ndiani achanzwisisa zivo? . . . ndiani waangati anzwisise zivo? . . .

"Zvakanaka, Mwari ngaarumbidzwe, ndiri muPresbhiteriyani. Ndiri muMethodist. Ndiri muPentekosti. Ndiri muNazarene. Ndiri muPilgrim Holiness." Hazvirevi chinhu kuna Mwari; ingori imwe yetafura idzi.

. . . ndiani wandichaita kuti anzwisise *zivo*? . . .

72 Zivo yorudzii; yeMethodist, Baptist, Presibiteriyani, Pentekosti here? Shoko romuBhaibheri!

. . . ndiani wandichaita kuti anzwisise *zivo*? . . .

73 Unoziva sei kuti wava naWo? Tichazvitaura manheru eChishanu. Ndizvoka?

"Ndiani wandichaita kuti anzwisise *zivo*?" (zvino tarisa) *ivo vakarumurwa pamukaka, vakabviswa pazamu.*

74 Vana vacheche vanoti, "Chero, ndichienda kuchechi, mai vangu vaiva vechechi iyoyo." Handina chandinopesana nacho,

mudiwa hama. Ndiri kuziva kuti izvi zviri kuiswa patepi. Zvakanaka, iva nhengo yechechi yamai vako. Asi, terera, mai vako vaifamba mune chimwe chiedza, iwe uri kufamba mune chimwe.

75 Luther aifamba mune chimwe chiedza; Wesley akafamba mune chimwe. Wesley akafamba mune chimwe chiedza; Pentekosti ikafamba mune chimwe. Asi tiri kufamba mune chakawanda nhasi pane chenguva yavo. Zvino kana paine chimwe chizvarwa, chichapfuura chedu.

76 Shure munguva dzakare, zvinhu zvakanga zvakaregedzeka, zvakanyanya kwazvo, Luther aidzidzisa kururama nokutenda. Zvaingova zvokubudisa vanhu muchiKatorike kuti vapinde muchiProtestanti, kupinda pakuyanana paShoko. Kururamiswa nokutenda, zvakanga zvakaregedzeka kwazvo. Havana kufamba kubva ipapo.

77 Kwakauya rumwe rumutsiriro rwaJohn Wesley. Rwakavabvisa pane izvi, zvikavaunzira kucheneswa, kusiya . . . kurarama hupenyu hwakanaka, hwakachena, hutsvene, hwakacheneswa neShoko raMwari, hunopa mufaro mumwoyo. Zvakazunguza zvakanyanya dzidziso yaLuther.

78 Ndokuzouyavo Pentekosti nokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, zvikatesva zvakare, mukugamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvozvo.

Zvino izvi zvakatanga kuzunguzika. Zvino zvipo, nokudzoreredzwa, uye Mweya waMwari wakapinda, mukuzara kwezviratidzo namashura, muChechi, zvikazunguza Pentekosti. Chii? Tava pedyosa noKuuya kwaShe Jesu, zvokuti Mweya waiva maAri uri kushanda muChechi, uchiita chaizvo zvaAkaita Ari panyika. Hazvina kumbovapo, kubva panguva yavaapositori kusvikira zvino.

Sei? Maona, zvakatanga zvakapamhama; zvotetepa, zvotetepa, zvotetepa. Chii ichocho? Soruoko rwako ruchiuya pamumvuri; runoswedera, nokuswedera, nokuswedera. Zvino chii ichocho? Mumvuri. Luther aiva chii? Mumvuri waKristu. Wesley aiva chii? Mumvuri waKristu.

79 Tarira, chizvarwa chaBilly Sunday chichangopera. Rimwe zuva, mutana Dr. Whitney akadzidzisa papurupiti pano, wokupedzisira wavakare, wakafa, ndinofunga, kuti akafa ava namakore makumi mapfumbamwe. Billy Sunday aiva norumutsiriro kuchechi dzakatonhora munguva yake. Akanga asinganyengereri; aimira achidanidzira, "Mose maMethodist svikai pakuperera, vaparidzi navose! Mose maBaptist svikai pakuperera! Imi maPresbhiteriyani!" Akanga asinganyengereri. Akanga ari Billy Graham wenguva ino.

80 Cherechedzai. Panguva iyo, kereke dzakatonhora dzaiva norumutsiriro, chii chakaitika? VeFull Gospel vakanga

vaine rumutsiriro. Pakauya vanaBosworth brothers, Smith Wigglesworth, naDr. Price, Aimee Mcpherson, vose ava.

Tarirai, Smith Wigglesworth akafa humwe husiku. Dr. Price vakafa ramangwana racho. Mumaawa makumi maviri namana aitevera ndakanga ndava kuparidza.

81 Zvino mazuva angu ava kuswedera. Tarisai pa... Hamuchanzwi zvakawanda nezvaBilly Graham. Hamuchanzwi zvakawanda nezvaOral Roberts. Ndinoona misangano yangu ichiderera. Chikonzero chii? Tava kumagumo, echimwe chizvarwa.

82 Billy Sunday navamwe, vakatanga sei? Vakatanga mumashure morumutsiriro rwaMoody. Moody akatanga rini? Mumashure morumutsiriro rwaKnox. Knox akatanga rini? Mumashure morumutsiriro rwaFinney. Finney mumashure maKarivhini, Karivhini mumashure ma...Wesley, naWesley mumashure maLuther. Vachidzika nezvizvarwa zvaiuya. Panopera rumwe rumutsiriro, Mwari anomutsa rumwe nokuratidza Chiedza chakawanda; zvichiramba zvakadaro.

83 Zvino tava kumagumo enguva ino. Munhu wose kumagumo ake akatarisira Kudzoka kwaKristu, asi pakanga paine zvakawanda zvokutarisa; kudzoka kwamaJudha, nomwoto unobhururuka muchadenga, nezvimwe zvose izvi zvatinoona nhasi. Asi tasvika kumagumo. Tasvika zvino. Vaiziva kuti Chechi yaizowana Simba rokuti rishande maIri mabasa mamwe chete aKristu, nokuti bvute richiswedera padyo napadyo, rinoratidza zvakawanda.

84 Tora bvute romuti. Kana bvute riri kure, hariratidzi zvakaita muti. Asi kwapera kanguva, rinoswedera nokuswedera, kusvikira muti nebvute zvava chinhu chimwe chete.

85 Zvino, Mweya waMwari wakashanda pasi pokururamiswa, nguva yaLuther; kucheneswa, nguva yaWesley; rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, panguva yePentekosti; zvino Uri mumazuva okupedzisira, Uchiratidza nokuita zvimwe chete zvaWakaita muna Kristu. Chii ichocho? Kereke naKristu yava chinhu Chimwe.

Uye paZvinongobatana, kubatana kwokupedzisa, Ichakwira mudenga, ichidanidzira. Wesley achamuka, Luther, navose vari mumazuva akapfuura, "wokutanga achava wokupedzisira, nowokupedzisira achava wokutanga," ndipo pachauya kumuka.

86 Tiri panguva yokupedzisira. Tererai, ndizvo zvinoita Mweya Mutsvene. Mweya Mutsvene, pakururamiswa, maona, kamumvuri kadiki kaWo; Mweya Mutsvene pakucheneswa, Unenge wati wandei; Mweya Mutsvene, mukubhabhatidzwa naWo, mumvuri wakanyanya kujeka; zvino Mweya Mutsvene, pakudzoreredzwa kwoHunhu hwaKe pano, huchiita zviratidzo namashura sezvaAkaita pakutanga. Wu-u! Girori! Muchandiita "mupengo," mungatotanga zvenyu, kudaro zvino.

87 Tererai, hama, teererai izvi.

> . . . *matafura ose azara namarutsi* . . . *hapana* nzvimbo yakachena.
>
> Ndiani *waachadzidzisa zivo*? . . . *ndiani waachaita kuti* anzwisise, *shoko? avo vakarumurwa pamukaka, nokubviswa pazamu.*

Kwete vana vadiki; vana vePresbhiteriyani, vana veMethodist, vana vePentekosti, vana veLutheran, vana veNazarene. Anoda munhu akabva pazamu anodya nyama yakasimba. Hezvino zvava kutevera:

> *Nokuti zvinongoti chirevo pamusoro pechirevo,* . . . *pamusoro pechirevo; mumurairo pamusoro pomurairo,* . . . *pamusoro pomurairo; apo zvishoma, napapo zvishoma:*
>
> *Zvirokwazvo uchataura norudzi urwu navanhu vane miromo yorumwe rudzi* norurimi rwokumwe.
>
> *Akati kwavari, Zororo riri pano,* iyo *mungazorodza vakaneta; pano ndipo pano kutonhorera: asi vakaramba kuterera.*

88 Mweya Mutsvene, kana isiriyo nzira yaWakauya nayo paZuva rePentekosti, zvakaporofitwa mazana manomwe amakore negumi namaviri zvisati Zvaitika! Hezvi zvino paZuva rePentekosti, zvakauya sezvakaprofitwa.

89 Mumwe akati, "Tinofanira kuchengeta Sabata." Handisi kuramba kana kushora chechi yomumwe munhu kana chinamato chake. Asi akati "Zuva reSabata, sabata raMwari ndiyo zororo."

Herino zuva rezororo. [Hama Branham vanosimudza Bhaibheri ravo.] "Iri ndiro zororo," Akati, "kuti muzorodze vakaneta." Ndizvozvi. Ameni! "Zvichava chirevo pamusoro pechirevo, mutsara pamusoro pomutsara." Ndipo pane zororo. Mweya Mutsvene chii? Zororo. O-o!

> *Uyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakuzorodzai.*

90 Iye chii? Anouya mauri, anokupa rugare; chiratidzo chako, Munyaradzi wako; wakanyaradzwa, uri pazororo, wakasimbiswa.

91 Wakadini? Chiratidzo; nyika inoziva kuti pane chinhu chakaitika kwauri. Chii? Munyaradzi. Chii? Chisimbiso. Uri pakuzorora. Une . . . Murevereri wako. Kana, iwe, chimwe chinhu chikaitika kwauri, pane Chimwe chinhu chinokureverera nokukasira, waona, kukureverera. Mweya waMwari uri kurarama muChechi, wakaprofitwa zvaWaizova chaizvo kana Wauya. Raizova Zororo rokusingaperi, risina Magumo.

92 Mwari akasika nyika. VaHebheru, 4. “Mwari akasika nyika, akazorora nezuva rechinomwe.” Ndizvo chaizvo.

Zuva rorusere raidzoka pane rokutanga, pa . . . Akapa izvi maJudha sesungano, kwenguva yakatarwa. Ndizvozvo. Asi vaizorora zuva rimwe chete; voenda, kuzuva rokutanga revhiki, votangisa patsva, zvakare, kutanga zvakare. Haisiyo zororo yakataurwa naMwari.

Mwari zvaakasika nyika namazuva matanhatu, paAkazorora, Akazorora kubva ipapo zvichienda mberi. Ndizvo chaizvo. Zvakabva zvakwana. Haana kuuya zvakare muzuva rorusere kutanga zvakare.

93 Wakanga ungori mumvuri. Zvino, uyu wakanga uri mufananidzo, somwedzi nezuva; asi kana zuva rabuda, hatichadi mwedzi. Zvino onai apa, O, muna Zvakazarurwa 11, “Mukadzi ano mwedzi pasi petsoka dzake, nezuva pamusoro wake.” O, tingatarisa Bhaibheri rose, kubva kukavha kuenda kukavha, tichikuratidzai. Maona?

94 Asi chaiva chii? Asi chaiva chii? Bhaibheri parakati muna vaHebheru chitsauko 4, “Dai Jesu akavapa zuva rokuzorora, Angadai mumashure akataura pamusoro paro; Angadai akataura pamusoro pezuva rokuzorora.” Nderipi zuva raakataura, pamusoro pezororo?

Uyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai.

95 Mateo 11, ndima 22 . . . Tarirai, zvino, taona kuti tichauya kwaAri. “Nokuti iye,” akati kuvaHebheru 4, “uyo apinda muzororo raJesu, azorora pamabasa ake enyika, saMwari akazorora pane aKe,” zvaAkasika nyika, Haana kuzodzokorora basa iri. Kusvika rini? [Hama Branham vanorova papuripiti katatu—Mupepeti.] Unosvika rini wakasimbiswa noMweya Mutsvene? “Kusvikira zuva rokudzikinurwa kwako.” Ndiro zororo, munyaradzi, Murevereri, chisimbiso, Mudzikinuri. O! [Hama Branham vanorova maoko kamwe.] Ndava kunzwa kutekenyedzwa, kana kuti ndinonzwa kuropafadzwa. O!

96 “Takavimbiswa here, Hama Branham? Zvinotsigirwa neBhaibheri here?”

Zvakanaka, ngativhure kuna Joere, tione kuti Joere anotii pamusoro paZvo.

Ndinotenda kwazvo neShoko rakaropafadzwa raMwari! UnoRida here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinofunga kuti dai pasina Shoko, Handizivi kuti taimira papi. Zvakanaka.

Tiri pana Joere zvino. Tiri kuenda kuna Joere, chitsauko 2 chaJoere, uye tichatanga pandima 28. Joere 2:28, makore mazana masere Kristu asati auya, muprofita ari muMweya. Zvino teererai.

Zvino shure kwaizvozvo, *ndichadururа mweya wangu pamusoro penyama yose;. . .vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita, vatana venyu vacharota hope, namajaya enyu achavona zviratidzo:*

Ndichadururavo mweya wangu pamusoro pavaranda napamusoro pavashandi namazuva iwayo. . . .kudururа, *mweya wangu,* namazuva iwayo.

*Ndichar*atidza *zvishamiso kudenga napanyika, ropa,. . .nomwoto, neshongwe dzovutsi.*

Zuva richashanduka rima, mwedzi uchashanduka ropa, zuva guru raJEHOVHA. . .rinotyisa risati rasvika.

Zvino zvichaitika kuti, aninani unodana zita raJEHOVHA ucharwirwa:

97 Ndizvo izvi. . .O! Chii? Joere! Maona here? Muna Mabasa 2, Petro akatora ndima imweyo. Akati, "Imi varume vaIsraeri, inzwai mashoko angu. Ava havana kubatwa," ivava vanhu vakasimbiswa, vakanyaradzwa, vanoshamisa, vano mucherechedzo. "Havana kubatwa, sezvamunofunga imi," Mabasa 2, "zvaichiri nguva yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zvakarehwa nomuprofita Joere, achiti, 'Zvichaitika kuti namazuva okupedzisira ndichadururа Mweya wangu pamusoro penyama yose.'"

98 Chii iChocho, Mweya Mutsvene chii? Zvakanaka, zvino ngationei zvakare, ivimbiso kuvatendi, ndizvo zvaUri. Zvino, Mweya Mutsvene uyu, taona kuti Chii, ndipei kanguva. Wakavimbiswa kuna ani? Kuvatendi.

Zvino ngatiende kuna Ruka, chitsauko 24 chaRuka, tinzwe kuti Jesu akati chii paMashoko Ake okupedzisira Asati abva panyika. Ruka chitsauko 24. Uye imi muri kunyora, munganyora henyu, muzoverenga mangwana mava nenguva. Zvino, Ruka 24:49, inzwai Jesu achitaura. Pakuguma, Ava kukwira muKubwinya, kukwira, haano Mashoko Aakataura kuvadzidzi vaKe.

. . .tarirai, ndinotuma vimbiso yaBaba. . .

Vimbiso ipi? Chisimbiso, chiratidzo, Munyaradzi, uye zvinhu zvose zvandataura, nezvimwe zvakapetwa kangasvika churu.

. . .Ndinotuma vimbiso yaBaba pamusoro penyu:. . .

Vimbiso ipi? "Yakanzi naIsaya yaizouya, 'Nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura navanhu ava.' Ndichatumira zororo pamuri. Ndichatumira zvakataurwa naJoere, kuti, 'Uye zvichaitika kuti namazuva okupedzisira, zvanzi naMwari, Ndichadururа Mweya Wangu pamusoro penyu.' O, Ndichatumira kwamuri, uye kundudzi dzose, vanhu vose, kutangira paJerusarema. . .Ndichaunza mbeu yaAbrahama pasi pesungano iyi. Ndichasimbisa mumwe nomumwe wavo. Maona, Ndichadururа Mweya Wangu."

. . . Ndichatumira vimbiso yaBaba pamuri: asi mirai, zvinoreva, kumirira *muguta reJerusarema, kusvika mazadzwa nesimba rokumusoro.*

99 Mweya Mutsvene chii zvino? "Simba rinobva Kumusoro! Kwete simba rabhishopi, kwete simba rechechi. Asi, "Simba rinobva Kumusoro!"

100 Simba iri rakauya sei? Nokuva "nhengo yechechi here"? Ndinokupikisa kuti uzviite, kuti ndizvozvo. Nokuva "nhengo yechechi here, kana kukwazisana nomuparidzi"? Kwete, changamire. Zvino, kwamuri maKatorike, "munoburitsa rurimi muchidya chirairo chokutanga"? Kwete, changamire.

101 Zvakauya sei, neSimba rakabva Kumusoro? Ngativerenge pamberi zvishoma. Ngatiende kuna Mabasa 1:8. Vakaungana pamwe chete zvino. Apa vakanga vachitaura nezvaJesu, pavakanga vakaungana, vakanga vagadza mumwe kutora nzvimbo yaJudhasi. Mabasa 1:8:

Asi muchagamuchira simba, kana Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu:. . .

Chii? "Unova nhengo yeBranham Tabhernakeri"? Kwete. "Unova nhengo yeChechi yeMethodist, yeKatorike, yePresbhiteriyani"? Hazvina kudaro, muBhaibheri. Idzidziso dzavanhu idzi.

"Asi muchagamuchira Simba kana mukava vaparidzi?" Kwete, changamire. "Muchagamuchira Simba kana maita Bachelor reArts"? Kwete, changamire. "Uchava ne-. . . ita simba kana wava neDD"? Kwete, changamire. "Uchava nesimba kana wabhabhatidzwa nemvura"? Kwete, changamire. "Muchagamuchira simba kana madya chirairo chokutanga"? Kwete, changamire. Munoona, zvinhu zvakaitwa navanhu.

102 Teerera kuti Bhaibheri rinoti kudii, uye kuti Jesu akatii.

. . . muchagamuchira simba, kana Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu: (Mweya Mutsvene chii? Simba) zvino, kana izvi zvaitika, *muchava zvapupu. . .* ("Imi vane gumi navaviri chete, pupurai paJerusarema"?) *. . . muchava zvapupu zvangu paJerusarema, . . . napaJudheya, . . . napaSamaria, nokusvikira kumagumo kwenyika.* (Kusati kwasvikwa nazvino.)

Zvino wakati areva izvozvo, . . . wakati areva izvozvo, vachakatarira, akakwidzwa kumusoro mugore. . . vakasazomuona.

103 Zvino ngativhurei mhiri kwepeji, tione zviprofita izvi zvichiitika.

Zvino zuva rePentekosta rakati rasvika, vakanga vakaungana vose pamwe. . . vane mwoyo mumwe panzvimbo imwe.

"Uye pakarepo mufudzi akauya uye . . . "? Ndakanganisa, handina here? "Pakarepo muprisita akauya paaritari"? Kwete

Pakarepo kwakava nokutinhira.

Kwete kungofungidzira; Kwaivapo, kutinhira.

"Muparidzi akanga osvika pamusuwo"? "Muprisita akanga aine chirairo, achibuda munzvimbo tsvene"? Kwete, hakuna zvakadaro.

> *. . . kwakabva kutinhira kudenga . . .* (Kwete kufambiswa kwetsoka) *. . . kwakabva kutinhira kudenga so . . . sokwemhepo inovhuvhuta nesimba* (O, izvoka! Wu-u! . . . ? . . .) *. . . kukazadza imba yose mavakanga vagere.*

104 Mweya Mutsvene chii? Pano ndipo pavakawana Simba. Apa ndipo pavakanga vakafanira kumirira; izvi ndizvo zvakaitika pavakamirira. Zvose zvakaprofitwa, kubva kuna Genesisi zvichikwira, kubva kuna Abrahama novakatevera; Uchauya, uye Waiuya sei, uye chibereko chaizoitika. Chii? Vimbiso kuChechi, kuvatendi.

> *. . . uye kukazadza imba yose mavakanga vagere.*
>
> *Vakaonavo ndimi dzichiparadzana dzinenge . . . dzomwoto, ndokugara pamusoro pomumwe nomumwe wavo.*
>
> *Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo noMweya Mutsvene.*

Zvino tichazviona, nomusi weChishanu manheru. Tasiira izvi pano, maona.

105 Zvakamira sei? Ivimbiso kuChechi, vimbiso chaiyo. Zvakanaka.

106 Zvino, zvino tichaona kuti, mumashure mokunge vazadzwa, vakasimbiswa kusvikira riini? [Ungano inoti, "Kusvikira zuva rokudzikinurwa. "—Mupepeti.]

Ndivanaani pano vano Mweya Mutsvene? Ngatione maoko enyu. Vakawanda vano Mweya Mutsvene kupfuura vasina. Tinoda kuti muve vamwe vedu, hama, hanzvanzi. Kana wanzwisisa kuti Chii, Mwe . . . Mweya waMwari unogara mauri, uchiita mabasa aMwari.

Mwari paakambotumira Mweya Wake pano mumwe wavaranda Vake, mumwe wavaprofita Vake, mumwe wavadzidzisi Vake, nomumwe wavaapostori Vake, vairambwa nenyika nguva dzose. Vaionekwa savanopenga, muchizvarwa chose chavaiva. Kunyange Pauro paakamira pamberi paAgrippa, akati, "Nenzira yavanoti yakatsauka . . . " *Kutsauka* chii? "Kupenga." "Nenzira yavanoti kupenga, boka ravanhu vasina maturo, ndiyo nzira yaNdinonamata nayo Mwari

waMadzibaba edu." [Hama Branham vanorova maoko kamwe—Mupeppeti.] Ndino mufaro chose nokuti ndiri mumwe wavo. Hongu, changamire. Ndizvozvo. Ndinofara chose kuti ndiri mumwe wavo.

107 Zvino, mumashure mokuuya kwoMweya Mutsvene mavari, wakaita kuti vadanane zvikuru kusvikira vakati zvinhu zvose ndezvavo vose. Ndizvo here? Ini, zvangu, kuyanana kwakadini! Tinosiimba rwuyo urwu dzimwe nguva, "Oh, what fellowship! Oh, what joy Divine!" Ndizvo zvazviri. Vakanga vasina hanya, vakanga vasina hanya nokuti zu—zuva rabuda kana kuti harina. Havana kukumbira zvinhu zviri nyore.

"Zvino, ndichagamuchira Mweya Mutsvene," vamwe vanhu vakadaro kwandiri, "VaBranham, kana mukandivimbisa kuti ndichava mupfumi mukuru kwazvo, kana mukandivimbisa kuti ndichawana matsime amafuta, uye kuti ndichawana migodhi yegoridhe, uye Ndi—Ndi. . ." Maona, vanhu vanodzidzisa izvozvo, uye vanodzidzisa nhema. Mwari haana kuvimbisa zvinhu izvi.

108 Munhu akagamuchira Mweya Mutsvene haana hanya kuti anopemha chingwa here, kana kuti kwete. Hazvina mutsauko kwaari. Chisikwa chakananga kuDenga. Haana. . .Haana chinhu chakamusungirira pano, zvachose. Ndizvozvo. Haana hanya. Chinenge chauya, chinenge chisina, chero zvazvaita. Rega vatsoropodze, vaseke. Kurasikirwa nomukurumbira wako, une hanya yei? Uri munzira yako kuenda muKubwinya! Hareruya! Maziso ako ari pana Kristu, uye uri munzira yako. Hauna hanya kuti nyika inotaura chii.

Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Isimba, Chisimbiso, Munyaradzi, Murevereri, Chiratidzo. O, zvangu! Chapupu kuti Mwari akugamuchira.

Inguvai yandatora? Ndine maminetsi masere bedzi asara. Zvakanaka. Regai. . .Ndina Magwaro akawanda pano. Handifungi kuti ndinoapedza, asi ticha—tichaedza zvatinokwanisa.

109 Zvino, kana munhu azadzwa noMweya Mutsvene, zvinokwanisika here kuti kutambudzwa nezvimwevo zvimuite kuti adzokere kumashure ne. . .Zvino, haazi kuzorasika, anoramba ari mwana waMwari, achangoramba ari, nokuti wakasimbiswa kusvikira riini? [Ungano inopindura, "Kusvikira zuva rokudzikinurwa."—Mupepeti.] Ndizvozvo. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

110 Zvino, mumashure mokunge vadzidzi varohwa, vakanga vashorwa, vasekwa, nokuitwa zvose, vakafunga kuti inguva yokuti vaungane zvishoma. Ngatizarurei ku—kuna Mabasa chitsauko 4, tione kuti vaka. . .chii chakaitika. Izvi ndezvenyu imi vanhu munaWo kare. Mabasa chitsauko 4.

Zvino, Petro naJohane vakanga varohwa, vaiswa mutorongo, nemhosva yokupodza, kunamatira murwere pamusuwo wapachechi. Vangani vanozviziva? Paiva nomurume akanga arerepo, akaremara makumbo. Akanga asingakwanisi kufamba; akaremara kwamakore makumi mana. Zvino Petro achipfuura. Iye akati . . . akasimudza kapu yake, kuti apiwe chipo mukapu yake, kuti awane chokudya.

Petro akaratidza kuti akanga ari muparidzi azere noMweya Mutsvene, akanga asina mari. Akati—akati, "Sirivheri nendarama handina." Maona, akanga asina hanya nazvo. Asi akanga ari chi—chisikwa chakananga kuDenga. O, ndinoshuva kuti dai ndine nguva yokumbobata izvi, munoona? Akanga akananga kuDenga. Akanga akanyaradzwa. Akanga aino Mweya. Aine Simba. Akaramba achifamba achiti, "Sirivheri nendarama handina, asi zvandinazvo ndinokupa."

Zvirokwazvo murume akati, "Chii chamunacho, changamire?"

"Ndino kutenda. Ndine chimwe chinhu mumwoyo chakatanga mazuva gumi apfuura. Ndakanga ndiri paimba yapamusoro uko, uye pakarepo, vimbiso dzose dzakaitwa naMwari . . . Ndakafamba naJesu Kristu kwamakore matatu nechidimbu. Ndakaraura naYe, tichikukuzva hove. Ndakaita zvinhu zvose izvi. Uye ndakaMuona achipodza varwere. A . . . Akaramba achindiudza kuti, 'Baba vari Mandiri; asi kana Ndaenda, Vachauya mamuri.' Nokudaro, handina kuzvinzwisisa. Asi Iye akati, 'Handitarisiri kuti munzwisise zvinhu izvi, iko zvino.'"

Hamuzvinzwisisi zvinhu izvi; ingozvitendai. Handisati ndazvinzwisisa. Uye usandiudza kuti unonzwisisa; nokuti, haunzwisisi. Waona? Nokudaro, handiZvinzwisisi, handigoni kuZvitsanangura; asi, chinhu chandinoziva chete, ndechokuti ndinaWo.

"Zvino, zvino," ungati, "hazvina zvazvinoreva pasainzi." O, chokwadi zvinazvo.

111 Tarisa magetsi. Benjamin Franklin atanga kuagadzira, akati, "Ndazvibata." Haana kuziva chaaiva nacho, asi aiva nacho. Zvino ndinoda kuti mumwe munhu andiudze manheru ano kuti magetsi chii. Havasati vaziva kuti chii, asi tinawo, Ameni. Ndizvozvo. Hapana munhu anoziva kuti magetsi chii. Vanogona kuagadzira, kuti apenye, kuti abvire, kuti ashande. Asi ano—anofambiswa namajenareta, simbi mbiri dzinotenderera pamwe chete *seizvi*. Dzinopa magetsi, uye ndizvo bedzi zvavanoziva. Anopa chiedza, uye ane simba maari.

112 Ndizvo zvakaita Mweya waMwari. Kana uine chimwe chikamu, ndiwe, uye chimwe Chikamu ndiMwari; zviite kuti zvifambe pamwe chete *seizvi*, zvichakuitira chimwe chinhu. Ndizvozvo. Zvinopa Chiedza. Zvinopa Simba. Hauzivi kuti Chii,

uye hauzombozivi kuti Chii, asi unoziva kana wava naWo. Ndicho chinhu chimwe chete chechokwadi. Uye ndeZvako. NdeZvako. Ndiko kupupurirwa. Ndizvo chaizvo.

Chiedza ichi chinoratidzei? Ndicho chapupu. Ndicho chiedza.

Zvino cherechedza izvi. Zvino, hauzivi kuti Chii.

113 Asi varume ava vakati, "Zvino," vaka . . . vakati chinhu chimwe chete chavaiziva, "tinoziva kuti havana kudzidza." Mamwe "manati," munoona, somuGerimani uya akati ndizvo zvaaiva. Maona? Vakati, "Havazivi uye havana kudzidza. Asi vakanga vaine Murauri uya, Muvezi uya ikoko, anonzi Jesu, ndinokuudzai, nokuti vari kuita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita."

114 Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, ndiJesu achirarama mumurauri asingazivi chinhu, muvezi, kana ani, muparidzi asingazivi, kana umwevo zvake. Munhu asingadi kuziva zvinhu zvenyika, uye oregedza Jesu achipinda maari, Mweya waMwari, chisimbiso, Munyaradzi. Haana hanya nomukurumbira; chinhu chaanoda chete ndiMwari.

115 Mwari paAkanga ava kuisa hurongwa, Akati, "Imi mose vaRevhi, ndakakudanai ndikakuitai vaprista. Zvino hama dzenyu dzimwe dzose, vamwe, ndudzi gumi navaviri . . . vamwe gumi nomumwe vachakupai chegumi."

"Kana wawana matengu mapfumbamwe amaapurosi, ipa dengu rimwe kuvaRevhi. Pamunotinha makwai enyu mu—mudanga, tora gwai regumi. Handina hanya kuti idiki, kana iguru, kana rakakora, kana risina kunaka, nderomuRevhi.

"Zvino, vaRevhi, kana mawana zvose izvi, mopavo, chegumi, kuna She. Muite chipiriso chokuzunguzwa, nechokupa, zvipiriso zvakasiyana. Munopa chegumi kuna She."

116 Akati, "Mosesi, chikamu chako, Ndini." O, zvangu! Akati, "Ndiri chikamu chako chinokugutsa."

Zvino ndizvo zviri Mweya Mutsvene kuChechi nhasi. Sirivheri nendarama handina, asi ndine Chikamu chinogutsa. Hareruya! Zvedzidzo, handikwanisi kuverenga Bhuku iri, asi ndine Chikamu chinogutsa. Zvakanaka. Dhigirii rohuDhokotera, Handina kana; maPh.D kana maLD, kana chimwe zvacho. Asi pane chandinacho, Chikamu chinogutsa. Ndicho chinhu chandinoda. Ndicho chinhu chinodikanwa naMwari kuti uve nacho. Rasha zvimwe zvinhu izvi kure, mukurumbira nazvose, uuye utore Chikamu chaMwari chinogutsa.

117 Nokuti zvose zvaunazvo zvenyika, uchazvisiya pano kana woenda. Asi kana uine Chikamu chinogutsa, Chinokuendesa kudenga zvisina kupokana. Tinogara tichitora inishuwarenzi, nhasi, kupa vamariro. Ngatitore Chikamu chinogutsa chaMwari,

tiwane Anotikwidza kudenga pachinhambo choanotiviga. Munoziva, zvose zvinoshanda.

118 Zvino ngatione.

. . . varegedzwa, vakaenda kuno vokwavo, . . .

Kwete kumuprista. Maona, zvakaratidza kuti vanaWo. Vakanga vasingadzokeri shure kune zvinhu zvakare, zvakatonhora, zvokungoitavo, kwete; kudzokera kundoti, "Zvino tarisai zvavakatiita!" Kwete, kwete. Vakanga vaine vokwavo. Vakanga vari gumi navaviri, asi vakanga vari boka ravo rakakwana, vanhu vashomanana.

. . . varegedzwa vakaenda, . . .

Mumashure mokuvarova nokuvatyisidzira, vakati, "Kana mukabhabhatidza muZita raJesu zvakare!" "Kana, O, ndanga ndichireva . . . Zvakanaka, ndizvozvo. Maona? "Kana mukaparidza muZita raJesu zvakare, kana mukaita sei, tinokubatai!"

119 Vakati, "Wu-u, uku kutyisidzirwa kukuru. Ngatiende kune dzimwe hama dzedu." O, ndiyo nzira. Mune simba mukubatana. Mukubatana mune simba. Vakati, "Ngatiende kune dzimwe hama dzose tione kuti tingaitei."

120 Zvino, vakaungana pamwe chete vakataura zviitiko zvakasiyana-siyana.

. . . varegedzwa, vakaenda kuno vokwavo, vakandovaudza zvose zvavakanga vaudzwa navaprista vakuru navakuru.

Ivo vakati vazvinzwa, vakadana kuva Mwari nomwoyo mumwe, . . .

Zvino teerera zvavakataura. Mutarisei, vatarisei, havana kudzokera kundoti, O, chimwe chinhu kana chimwe, "O Ishe, ndino urombo . . ." Kwete. Vakanga vakatoponeswa. Vakanga vakazadzwa noMweya. Vakanga vaine Hupenyu Husingaperi.

. . . vakadana . . . nomwoyo mumwe, vachiti, Tenzi, ndimi Mwari, . . .

Ameni! Ndinofarira izvi, Hama Palmer. Ndinozvida.

. . . ndimi Mwari, . . . (tinozviziva) *. . . makaita matenga, napasi, negungwa, nazvose zviri mukati mazvo:*

Makareva nomuromo womuranda wenyu Davhidhi . . . muchiti, . . .

121 Zvino tarisai, vanozodzoka, voti, "Zvino, hatisi . . ." Zvino endai ikoko mundoti, "Zvakanaka, zvino, Ishe, zvino mirai zvishoma apa. Vari kunyanya kundiseka!" HaAna kutaura kuti vachadaro here?

"Vose vanorarama muhutsvene muna Kristu Jesu vachatambudzwa."

"Zvino, munoziva, mukuru wangu akandiudza kuti kana akandibata . . . " HaAna kutaura kuti vachataura izvozvo here? "Zvino, munoziva, vakandiisa pakutongwa rimwe zuva, nokuda kwaZvo."

122 HaAna here kuti, "Muchaunzwa pamberi pamadzimambo navatongi, nokuda kweZita Rangu. "Usafunganye zvauchataura, nokuti hausiriwe unotaura"? Ndakazviona zvichiitika nezuro. "Mweya Mutsvene unogara mauri; Ndiye achataura." Maona, "Iye." Ndizvozvo. Zvakanaka. "Usafunganye zvauchataura."

Tenzi—ne . . . *Nomuromo . . . womuranda wenyu Davidhi makati, Vahedheni vakaitireiko hasha, navanhu vakafungireiko zvinhu zvisina maturo?*

Madzimambo enyika akamuka, navabati . . . vakavungana pamwe chete kurwa naShe, naKristu wake.

. . . nokuti zvirokwazvo, Ishe, vachimukira mwana wenyu Jesu wamakazodza, Herode, naPontiasi Pirato, navaHedheni, navanhu valsraeri, . . . vakaunganira,

Kuti vaite zvose zvakanga zvatemwa noruoko rwenyu napakufunga kwenyu kuti zviitwe.

O, zvangu! Ndinozvida izvi. "Ishe, vari kuita izvo zvaMakataura kuti vachaita." Bhaibheri rinoti kudini?

"Namazuva okupedzisira, kuchauya vaseki, *vane nharo, vanozvitutumadza, vanoda* mufaro *kudarika Mwari;*

. . . vasingadi kuyanana, vanochera vamwe, vasingazvidzori, . . . vasingadi zvinhu zvakanaka,

Vano mufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vachiramba . . .

Havana kumbogamuchira Simba, "kana Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu."

"Vano mufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vakarasha simba rako; ufuratire vanhu ava.

Ndizvo zviri Mweya Mutsvene. Maona?

. . . zvakatemerwa . . . kuitwa.

. . . zvino, Ishe, inzwai kutyisidzira kwavo: mu— mubatsire varanda venyu, kuti vataure shoko renyu vasingatongotyi,

O, ndinofarira izvi! Bvisa kufungidzira, unyatsosimba. Zvino tarisa apa.

. . . kuti titaure shoko *renyu,*

Mutambanudze ruvoko rwenyu kuzoporesa;. . .

O, hama! Madhimoni haafi, noMweya Mutsvene haufivo. Maona?

. . .mutambanudze ruvoko rwenyu kuzoporesa;. . . nezviratidzo nezvishamiso zviitwe nezita raJesu mwana wenyu mutsvene.

Muri kuona zvavari kuitira nharo pamusoro pazvo, hamuoni here? Vari kuita zvimwe chete nhasi, asi hazvibetseri kana chinhu chimwe zvacho.

Zvino vakati vanyengetera, nzvimbo yavakanga vakavungana pairi ikazunguzwa; vakazadzwa vose noMweya Mutsvene, uye. . .vakataura shoko raMwari vasingatyi.

123 Wu-u! Zvangu kani! Vakawana chimwe chinhu pavakakwira pamba yapamusoro, havana here? Vimbiso yakati ndizvo zviri Mweya Mutsvene, kukupa kushinga, kukupa kunyaradzwa, kukusimbisa, kukupa chiratidzo. O, zvangu!

124 Teererai. O, ndinoshuva kuti dai tiine nguva, taiona nezvaFiripo kuSamaria. Muna Mabasa 8:14; kunemi mose muri kunyora. Vakanga vagashira mufaro mukuru, vakanga vaine kupodzwa kwakanyanya, asi vakanga vabhabhatidzwa neZita raJesu Kristu. Zvakadaro vakatumira kuJerusarema, kundotora Petro; akauya akaisa maoko pavari, zvino vakagamuchira Mweya Mutsvene. Mabasa 8:14.

125 Kumahedheni, kwaiva nomumwe ainzi Kornerio. Waiva munhu akanaka, aibvisa chegumi, achivakira vanhu masinagogi, achiremekedza Mwari, achitya Mwari; murume akanaka, muPresbhiteriyani akanaka, muMethodist, Bhaptist, chero mumwevo, maona, murume akanaka kwazvo. Asi rimwe zuva, Mwari akati, "Murume akanaka; nokudaro ndichamutumira kumusangano. Ndinoda kuti muparidzi wangu aendeko andomuudza pamusoro paZvo." Zvakanaka.

Akaona chiratidzo, chikati, "Enda kuJopa, ikoko uchaona munhu anonzi Simoni, musuki wamatehwe. Asi pano mumwe, Simoni Petro, imomo. Uyai naye kuno; achakuudza nzira, nokuti akagamuchira chimwe chinhu."

126 Zvino Petro amirepo. . .Uye Kornerio achida kuti anamate muparidzi. Aida kudaro. Petro akati, "Simuka. Ndiri munhu sewe."

"Zvino Petro achiri kutaura Mashoko awa," okuti vakaenda sei, vakatanga ku. . .Zvinhu zvimwe chete zvandiri kutaura, kuti Mwari akavimbisa sei kudurura Mweya Mutsvene. "Achiri kutaura Mashoko awa, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pavo." Hwu-u! Hongu. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene, kuti Unopiwa ani. Chokwadi. "Zvino vose vakazadzwa noMweya Mutsvene."

127 Zvino cherekedzai kuvaEfeso, paiva nehama yechiBhaptist. Pakutanga waiva gweta, rakangwara, murume anoziva, achiziva murau; murume wembiri, mudzidzi. Rimwe zuva akaverenga Bhaibheri, akaona kuti kwaizouya mumwe nezita raMhesiyasi. Zvino paakaita izvi, zvino, akatanga kunzwa nezvaJesu, iye akati, "Ndagutsikana. Zvino ndinopupura pachena kutenda kwangu kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari." Akanga ari muBhaptist chaiye. Akati, "Ndinopupura pachena kuti Jesu ndiye Kristu." Akanyanya kuzviita kusvika Mwari amudana kuva muparidzi. Mwari anotaura nguva yose kumwoyo wakatendeka.

128 Zvino paiva nomukuru aigadzira matende aiva nezita rokuti Akwira naPrisira, murume nomukadzi. Vakanga vari vagadziri vamatende. Mabasa chitsauko 18, inokuudza pamusoro pavo. Vakanga vari, shamwari dzaPauro. Vakanga vagashira Mweya Mutsvene pari pamaoko aPauro nedzidziso yake.

Vakanzwa kuti kuno rumutsiriro, vachibva vaendako. Kwakanga kuine vanhu gumi kana gumi navaviri vaiuya kumusangano. Nokudaro akaenda kundoona, akanzwa muparidzi achiparidza, nokuperera kwomwoyo. Akati, "Munozivei, ndinofunga kuti angateerera kuChokwadi."

Zvino musangano wapera, akamudana parutivi seri kwetende, akati, "Tarira, tine hama diki pfupi, ane mhino yakakombama, uye, asi kana auya kuno, achakudzidzisai Shoko raMwari, zvakajeka." Zvino, kwapera nguva . . .

129 Pauro akanga ari mujeri panguva imwe chete iyi. Nzvimbo yakaipisisa kuvaparidzi vamazuva ano, haisi here? Asi akanga ari mujeri, Ishe vakamuisamo. Zvino mumashure mokudengenyeka, kwakazunguza jeri, akatora mutariri wetorongo nemhuri yake akavabhabhatidza vose, neZita raIshe Jesu, akabva, akayambuka mhiri.

Zvino akanga achangobva kubudisa dhimoni, mumusikana aiwuka. Uye, zvino, varidzi vomusikana vaiwana mari zhinji nokuda kwomusikana uyu, Pauro akanga afumura basa iri, nokudaro zvino vakamuisa mujeri. Ishe akadengenyesa jeri, nokuti akanga aine vanhu vaifanira kunzwa Chokwadi. Haukwanisi kusunga Shoko raMwari. Pane . . . Kana ukaita sei, hazvikwanisiki. Hazvikwanisi kuitwa.

130 Zvino akauya kwaiva nomurume uyu. Akwira naPrisira, zvichida vaidya masangweji. Pakarepo mumashure mokudya masangweji, vakati, "Tichaenda kurumutsiriro."

Pauro akagara kumashure akabata hembe yake, achiteerera kumuparidzi wechiBhaptist achiparidza.

Akati, "Zvakanaka, zvaunoparidza, asi pane Zvimwe zvakawanda." Akati, "Ndinoda kukuvhunzai muvhunzo, Dr.Aporosi. Makagashira Mweya Mutsvene here kubvira pamakatenda?"

"O," akati, "hatina kumbonzwa nezvoMweya Mutsvene. Ko munorevei, kana muchiti 'Mweya Mutsvene'? Tiri maBhaptist."

Akati, "Munoziva sei kuti muri maBhaptist?" Maona?

"Zvino, takabhabhatidzwa. Tinoziva rubhabhatidzo rwaJohane chete."

"Akati, "Rubhabhatidzo rwake rwaiva rwokutendeuka, achiti 'tendai kuna Iye aizouya,' ndiye Jesu Kristu."

Zvino vakati vanzwa izvi, vakabhabhatidzwazve, muZita raJesu Kristu. Pauro akaisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene ukauya pavari, uye vakataura nendimi vakaprofita. Akati, "ani nani," zvino.

131 Zvino tinozviita sei? Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu, zvino ndi . . . Uye tava kuvhara, nokuti, ndakuudzai, kuti ndichakasira kukuregerai. Munoziva kuti Mweya Mutsvene chii. Gwaro rokupedzisira manheru ano . . . Ndine rimwe dzatsi pano, asi tochingozvisiya. Ngativhurei kuna Vakorinte Yokutanga chitsauko 12. Shure kwazvo tozoverenga izvi, uyezve tozo—tozovhara. Zvakanaka. Vakorinte Yokutanga, chitsauko 12.

Vangani vanotenda dzidziso yaPauro? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Chokwadi! Akati, kuvaGaratia 1:8, "Kana Ngirozi ikadzidzisa zvakapesana neizvi, ngaive yakatukwa," kuzoti muparidzivo zvake. "Kana Ngirozi ikabva kuDenga ikadzidzisa zvakasiyana neizvi, ngaive yakatukwa." Maona, usava nechokuita nazvo.

132 Zvino tarisai apa, Vakorinte Yokutanga chitsauko 12. Va—vangani vanoziva kuti tinofanira kuva muna Kristu kuti tikwanise kuva mukumuka, nokuti Mutumbi Wake ndiwo wakavimbiswa kumutswa naMwari? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Hapana imwe nzira. Hakuna imwe nzira, kana uri kunze kwaKristu.

Unogona kutarisa kumashure *uku* wotenda maAri, woti, "Chokwadi, ndinotenda maAri. Ndiye Mwanakomana waMwari." Zvakanaka, hama yangu, ndakagadzirira kukubata ruoko kana wataura izvozvo. "Ndinotenda maAri. NdichaMupupura soMuponesi wangu." Zvakanaka, asi hausati wava maAri. "Ndichakwazisana nomuparidzi. Ndichareurura zvivi zvangu." Kunyangwe zvakadaro hakuziko kuva maAri.

133 Zvino tarisa, onai kuti Pauro akati kudini, kuti tinopinda sei muna Kristu. Uchazivikanwa sei kuti wakadzingiswa, Abrahama? Akapiwa chiratidzo. Teerera kuna, Vakorinte Yokutanga, chitsauko 12, ngatitange pandima 12.

> *Nokuti somuviri uri mumwe, une mitezo mizhinji, nemitezo yose . . . yomuviri, kunyange iri mizhinji, muviri ndomumwe chete: wakadarovo Kristu.* (Haana kupatsanurwa, "Mumwe!")

Teerera. "Nokuti nechechi imwe"? Vangani vari kuverenga neni? "Nokukwazisana maoko kamwe"? "Nemvura imwe"? Kwete. Zvino pano mumwe akakanganisa.

"Nokuti muMweya mumwe!" M mukuru here? Maona, ndiwo, "Mweya Mutsvene," zvino. Munoona.

> *. . .muMweya mumwe isu tose takabhabhatidzwa mumuviri mumwe, kana tiri vaJudha kana vaHedheni, kana varanda kana vakasununguka; isu tose takanwiswa paMweya mumwe.*

134 Mutumbi waKristu Mweya mumwe, apo nhengo imwe neimwe, kubva paPentekosti kusvikira nguva ino, vanonwa Waini itsva, Mweya Mutsvene mumwe, uchiunza zvibereko zvimwe chete. Tinozviita sei? "NoMweya mumwe."

Musuvo wakazaruka waMwari, Mweya Mutsvene. Chii? Musuvo waMwari wakazaruka. Chiratidzo. Chisimbiso. Munyaradzi. Murevereri. Kupupurirwa. Kuzorora. Rugare. Runako. Kupodzwa. Hupenyu. Mu—Musuvo waMwari wakazaruka kuzvinhu zvose izvi. Musuvo waMwari wakazaruka kuna Kristu, anova ne. . .

Mwari akaratidza kuti Akamumutsa Jesu kubva kuvakafa, naizvozvo vakafa muna Kristu Mwari anovamutsa naYe pakumuka. "Musachemedza Mweya Mutsvene-wamakasimbiswa nawo muna Kristu kusvikira zuva rokudzikinurwa kwenyu." Hwu-u! Vangani vanozvitenda? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.]

135 Kristu chii? Mweya Mutsvene chii? Hachisi chimwe chinhu chinosekwa navanhu. Chinhu chinosekwa navanhu; asi kwete nomutendi.

Kumunhu asingatendi! Ndinoshuva kuti dai ndanga ndiine mavhiki maviri kana matatu, ndinoda kuti mangwana manheru ndikuudzei kuti Chii kuna vasingatendi. Regai ndimbokuudzai nokuchimbidzika, kwekanguva. Chiseko. Musungo. Chigumbuso. Rufu. Kupatsanurwa naMwari noKusingaperi. Handitokwanisi kunyatsofunga zvaUri kune vasingatendi!

136 Rangarira, kuti mvura imwe chete yakasekwa navasingatendi ndiyo yakaponesa Noah nemhuri yake. Maona? Mweya mumwe chete, Mweya Mutsvene uri kusekwa navanhu vachiti "kupenga, iboka risingazivi chinhu, Hupenzi," Ndicho chinhu chimwe chete chichaBvuta Chechi nokuenda Nayo kumusoro mumazuva okupedzisira; zvichiunza kutongwa kuna vasingatendi. Ndizvo chaizvo. Ndizvo zviri Mweya Mutsvene.

137 Vakaropafadzwa vano. . .Regai nditaure izvi, nokuperera kwomwoyo wangu. Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yaWo, nokuti vachazadzwa.

138 Mangwana manheru tichataura pamusoro pokuti, Unoita sei kana Wauya.

139 Zvino, vangani muno vangada kugamuchira Mweya Mutsvene, uye vachida kuti mumwe avanamatirevo, kuti vaone Chiedza?

Munoziva kuti "Chii."

Zvino, mangwana manheru, tichaona kuti, "Unoita sei."

140 Uye husiku hunotevera, kuti, "Unogamuchirwa sei." Tozodana vanhu mukati, vakadzidziswa, kuti vapinde mudzimba vagaremo, kana zvichitora Kirisimasi yose, ndizvozvo, kusvikira Mweya Mutsvene wauya. TichaZviparidza nenheyo, yeBhaibheri. TichaZviparidza toUgamuchira seZvakavimbiswa naMwari, uye kuuya kwaWo pakutanga. Ndiyo nzira yatinoda pano kuti tiite. Ha . . . Hazvina mutsauko kuti zvimwe zvinoti kudii, tiri . . .

Shoko raMwari ri . . . rine hukuru mukati momwoyo wangu. Ndizvo chaizvo. Zvino ndinoda zvandakagadzirirwa naMwari. Kana paine zvimwe zvakawanda, zarurai Denga, Ishe, nokuti mwo—mwoyo wangu wakazaruka kwazviri. Ndizvo chaizvo.

141 Ndivanaani vanoUda? Simudzai maoko, muchiti, "Ndinamatirei." Zvino, muri ipapo, rambai makasimudza maoko.

Baba vedu vokumusoro Kudenga, tadzidzisa nguva yakareba. Asi Mweya Wenyu uri pano. Pana maoko akasimuka mudenga zvino. Uye vanoziva kuti Chii, vanoziva kuti Mweya Mutsvene unorevei. Ndinonamata, Mwari, kuti musangano uno usati wapera, ruoko rwose muno ruchasumudzwa vachiti vaUgamuchira. Zviitei, Ishe.

142 Tinovanamatira. Tinokumbira Imi kuti muvaropafadze, nokuvapa zvido zvomwoyo yavo. Tarisai maoko avo, Ishe. VanoKudai. VanoUda. Vanoziva havangaendi . . . Mangwana husiku, kana Mandibatsira, Ishe, tinogona kuzviratidza naMagwaro kuti havakwanisi kuva mukuBvutwa vasinaWo. Nokudaro ndinonamata, Baba, kuti Muvape nzara nenyota, vagozadzwa. Ndinovapira kwaMuri zvino, Baba. Uye, vapei maropafadzo awa, sezvo tichikumbira muZita raJesu Ameni.

I love Him, I love Him,
Because He first loved me,
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

143 Ndinoda kutaura izvi tisati taimba zvakare. Ndinoda kusangana neboka ravaparidzi mumba muno, neChishanu husiku, musangano usati watanga, maona, Chishanu manheru. Ndi . . .

Munoona zvandiri kuda kuita? Kuratidza kuti Chii, kuti tinosvika sei paUri uye kuti tinouremekedza sei; zvino hauzouyi

sebofu, uchingofungidzira zvimwe. Ndicho chikonzero ndisina kuukumbira manheru ano. Ndinoda kuti muzive kuti Chii. Ivimbiso. Chisimbiso. Munyaradzi. Nezvimwevo.

Zvino, mangwana husiku uye usiku hunotevera, tichatanga, kubva ipapo, kusvikira Wauya. Hazvina mhosva kuti zvinotora nguva yakareba sei; tinogara kusvikira wauya. Chenesai mwoyo yenyu. HaamboUdururi pamwoyo yakasviba. Zvichenesei, gadzirirai, Iye anozozviita.

I love Him, I love Him, (ngatisimudzei maoko zvino)
Because He first loved me
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

Mufudzi achangobva kuti, tawirirana, kuti mangwana manheru tichatanga nasevheni panzvimbo yahafu sevheni. Uye zvichandiita kuti ndipedze nahafu eyiti pano kupedza nahafu naini. Na sevheni-. . . Kuimba kuchatanga, nenguva dzasevheni mangwana husiku. Ndozoparidza nahafu sevheni.

I love Him,

Ngatitore mahengechepfu edu tiasimudzire kwaAri.

I love Him,

Rega maitiro awakajaira!

Because He first loved me
And purchased my salvation
On Calvary's tree.

Zvakanaka. Mufudzi wenyu, Hama Neville achiuya zvino.

Mweya Mutsvene Chii? SHO59-1216
(What Is The Holy Ghost?)
The Holy Ghost series

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Chitatu manheru, Zvita 16, 1959, pa Branham Tabhenakiri ku Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org